

# LESPRI VERITE



. . . kwè.

Ann ret kanpe jis yon moman pandan ke n ap priye. Ann koube tèt nou.

<sup>2</sup> Papa jis nou an ki nan Syèl la, alòske n ap apwoche W kounye a nan Non Seyè Jezi ki sifi nèl la, nou vle ba W glwa pou sa W te fè pou nou, sa ke jye nou yo te wè, epi zòrèy nou yo te tande nan dènye jou fèmte sèn istwa mond sa a, lè tan an ap deklinen nan Letènite, epi nou wè Limyè yo k ap briye, nou konnen pa ret lontan kounye a jouk Vini Séyè Jezi a.

<sup>3</sup> Nou ta mande W Papa ki nan Syèl la, pou sonje nou aswè a. E si gen nenpòt malis nan mitan nou, wete l, Seyè, aswè a, pou ke nou ta kab prezantab devan W si W ta vin aswè a. Nou priye pou malad ak sa k nan bezwen yo.

<sup>4</sup> Nou priye pou Legliz Ou a isit la e alagrandè, toutotou monn lan, pitit Ou yo toupatou nan chak nasyon, pou nou ka lave rad nou nan San Ayo a, epi tande apèl sa, “Vin gade, Epou a ap vini. Soti al rankontre L.” Ke nou kab nan moman sa, Seyè, pa gras Bondye, e ak merit Jezi Ke nou fè konfyans lan, netwaye lamp nou yo epi avanse lè sa pou rankontre Epou a. Pran Pawòl Seyè a aswè a epi sikonsi kè nou. Retire tout enkredilite. Bannou yon sèvis ekstraòdinè. Nan non Jezi nou mande l. Amèn.

Nou mèt chita.

<sup>5</sup> Se reyèlman byen pou retounen nan . . . sanktyè sa a ki pou Seyè a, aswè a, nan sèvis. Nou te gen moman ki pi gloriye a yè swa nan . . . Frè Groomer. E Mwen raple m lane dènye nou te gen yon moman gloriye.

<sup>6</sup> Nou te gen yon moman fòmidad, tout kote. Seyè a te beni nou anpil anpil an abondans, plis pase m ta janm panse Li ta fè. Men Li jis tèlman ranpli ak mizèrikòd e jantiyès. Se jis byen pou konnen L. Pa vre? Epi panse “Konnen Li, se Lavi.” Konnen Li, se Lavi.

<sup>7</sup> Kounye a, demen swa, nou pral anba a nan Asanble Central Avenue a, M kwè l rele konsa. Frè Fuller, yon lòt bon frè. Epi M kwè se yon gwo legliz ki anba a la. E nou espere petèt ke n ka gen yon—yon liy priye, si se korèk ak Frè Fuller. Konsa nou . . .

<sup>8</sup> Epi apre, nan—nan landmen matin, n ap kote sa a, mwen kwè, ki rele Legliz Apostolik isit la nan Phoenix. E M jis pa sonje kiyès ki pastè a, frè sa, li te. Èske m te la lane pase? [Yon frè di, “Non. Sa se yon nouvo, yon legliz Meksiken, Frè Branham.”—Editè a.]

<sup>9</sup> Epi answit dimanch swa nan legliz chè Frè Outlaw pa nou an isit la, Legliz Non Jezi a. Epi Mwen ak fanmi, kè nou cho anpil, pou n al la epi tande yon pòsyon nan bon kantik sa.

<sup>10</sup> Billy Paul ta dwe konnen l, chak ti pati, pa kè. Nou te jwe chante sa, *M ap Monte, Monte*, jiskaske, onètman, bagay la te abimen, sou kasèt la. Li konn kòmanse nan biwo a, e chak fwa nan jounen an lè m al laba a, pa gen pwoblèm, li t ap jwe sa, “Monte, monte, monte.” Se espesyal! Nou te konn jwe l, epi kasèt la vrèman te prèske abimen.

<sup>11</sup> Ou konnen, mwen te gen enpresyon aswè a, ke, mwen yon ti kras anwe, M te panse, “Oh la la, si m te ka jis wè yon moun, ki ta pale pou mwen,” epi sa te rive ke m t ap gade la a epi wè Jack Moore. Jis egzaktman pafè. M pa janm . . . O, M kwè ke sa ta jis ekstraòdinè, Frè Jack. [Frè Jack Moore fè yon kòmantè—Editè a.] Kounye a tande sa.

<sup>12</sup> Epi M kwè ke Mwen wè Frè Roy Borders ki la, tou. Wi, mesye. Frè Noel Jones ki isit la la. O, la la! Nou jis toupatou la, tout kote. M panse se ta yon bon moman, petèt, si m ta repoze m on tikras, ou konnen, epi fè kèk nan bon mesye sa yo vin la epi pale pou mwen lè m anwe, ou konnen. Frè Jack di, “Seyè a pa nan revelasyon sa.” Bon, M te fatige lè m vin la. E m—epi mwen te yon tikras fatige, pandan tout tan sa.

<sup>13</sup> Apre sa mwen wè moun yo ki kanpe la, e kouman yo oblije kanpe, mwen yon jan byen kontan ke m kanpe avèk yo. Kounye a, Seyè a beni w.

<sup>14</sup> E n ap tann lòt reyinyon sa yo k ap vini kounye a. E answit semèn pwochèn nan se tou pa legliz Pannkotis yo, epi n ap pwogrese. Epi n ap fini, Mèkredi swa pwochen, nan onzyèm e Garfield. M jis paka raple m yo tout nan panse m. Nan, mwen kwè, Premye Asanle de Dye nan vil la. Epi—epi apre sa konvansyon an ap kòmanse nan Ramada a.

<sup>15</sup> E kounye a gen resepsyon pou Òm Dafè yo anba a nan—nan vil prensipal Arizona a: Tucson.

<sup>16</sup> E sètènman, nou tout nou konnen ke Phoenix ak kote sa yo, jis andeyò vil sa. Kidonk se sa. Se plas pi enpòtan an. Se vil lakay mwen, ou konnen, konsa, e konsa, tout anwo ti mòn nan. E alò sa a, jis, jan de zòn andeyò li, enben, se byen pou gen nou tout kòm vwazen, konsa . . .

<sup>17</sup> M kwè se te Frè Rasmusson, yon swa, ki te di yon bagay konsa nan yon reyinyon, epi, o, la la, kòm si l te kraze reyinyon an. M kwè nou te—nou te nan Houston. Epi se te Ramsar. Se te limenm menm. Li te di, jou swa ke Anj Seyè a te desann nan, yo te pran foto a, epi li te di, “Tout moun bò isit la la—ki soti Dallas,” li te di, “nou konnen ke se andeyò Houston.” Epi, oh, lala! Texas pat aksepte sa, menm jan ak noumenm moun Arizona. Konsa te gen yon gwo silans nan reyinyon an.

<sup>18</sup> Ebyen, Li reyèlman bon. Bon kounye a M kwè nou pral nan Ekriti a la, epi jis bay yon ti temwayaj pou yon ti moman. Eske sa pa ta kòm chanje l? M te jis sot frape tèlman fò sou li opwen

ke m wont pou gade nou. Epi petèt pou bannou yon ti repo, epi kèk temwayaj sou bonte Seyè nou an.

<sup>19</sup> Ann al gade nan Sen Jan, chapit 16 Sen Jan an. E m te jwenn 16 vèsè 12. M ta renmen li apati—apati de kote sa nan Levangil Sen Jan an. Mwen renmen li Pawòl la, paske Pawòl la se sa k fè nou konnen ke se Verite. Ann kòmanse ak vèsè 12 la, epi koute byen kounye a, paske mwen vle temwaye.

<sup>20</sup> Apre sa nou pral jis eseye rantre yon ti kras pi bonè. Mwen kontinye kenbe nou tèlman ta. Epi demen swa, se kisa, nou pral rete yon demi èdtan anplis. Sa pral voye nou a anvivon inè lapremidi, pa vre?

Kidonk, kidonk, sa ap kòmanse ak vèsè 12 la:

*Mwen gen anpil lòt bagay ankò pou M di nou, men nou pa ka konprann yo koulye a.*

*Men lè Limenm, Lespri verite a, va vini, li va kondui w nan tout verite a: paske li pa pral pale pou limenm; men kwakesewa li pral tandè a, se sa ke l pral di: epi li pral montre w bagay ki pral rive yo.*

*Li pral kounye a fè lwanj pou mwen: paske li pral resewa de mwenmenm, epi li pral montre w li.*

*Tout bagay. . . Papa a genyen se pou mwen: se poutèt sa M te di, ke L pral pran nan menm e pral montre w li.*

<sup>21</sup> Ou konnen, yè swa, espesyalman, nou te gen yon ti egzansp de sa. kounye a, noumenm antanke moun Levanjil Konplè a, ki kwè nan tout manifestasyon Sentespri yo. E kounye a, se sèl mwayen nou ka vin Levanjil Konplè a, se pou kwè Levanjil la annantye, tout sa Seyè a te ekri a. Epi M kwè ke nou, noumenm, nou pa anyen. Nou jis tankou. . .

<sup>22</sup> Tankou m te di Frè Carl la, ayè, lè m t ap gade pyebwa a, M te di, “Eske se pa yon bèl pye palmis? Men, apretou, pa gen anyen ladann sinon ke yon pakèt sann volkan. Se tout sa l ye.” Epi m te di, “Gade kouman li diferan de yon pye kaktis. Bon, se kisa yon pye kaktis ye? Sann Volkan, ak jis lavi nan li.” Epi m te di, “apretou, kisa m ye e kisa w ye? Sann volkan, se egzaktèman sa, ki soti nan tè a; pousyè tè a, ak lavi nan li.”

<sup>23</sup> Men mèt ki bay Lavi a te plante chak vi, epi Li jis konn kouman e kisa pou L fè. E tout bagay Li mete isit la sou tè a se pou glwa Li. Zetwal yo se pou glwa Li. Van yo se pou glwa Li. Flè yo se pou glwa Li. Epi nou se kouwòn glwa Li.

<sup>24</sup> Men sanble ke tout bagay vle obeyi L sof lòm. Lòm jis sanble ke. . . Li tèlman ap pase yon moman, poutèt li te sèl bagay ki te tonbe. Tout lòt bagay yo te rete nan kondisyon orijinal l yo. Men, lòm te tonbe. Poutèt sa, Bondye nan yon lit ak li, pou fè l fè sa k dwat, epi obeyi.

25 E youn nan gwo pwoblèm Bondye, atravè ane yo, alòske istwa legliz t ap fè kous li, se jwenn yon moun ke L ka kontwòle antyèman. Li sèlman bezwen yon moun. Li te toujou itilize yon moun alafwa. Nou te etidye sa nan dènye sware yo: yon moun, pa yon gwoup. Li jis vle youn. Se tout sa L bezwen. Paske, de moun ta gen de lide diferan. Li jis, lè sa, fè yon moun, Li reprezante tèt Li atravè sèl moun sa. Li pa janm fè l lòt jan ke sa. Ou wè?

26 Kounye a, Li gen yon Moun jodi a, e Moun sa se sou Sila ke nou fèk sot li a: Sentespri a. Li se Moun Bondye te voye a, Lespri Jezikri sou tè a, Lespri Bondye, pou manifeste e fè konnen Kris atravè Legliz Li, ou wè, sèlman pou kontinye Lavi Kris atravè Legliz la.

27 Kounye, se yon bagay tèlman ekstraodinè, e—e poutan tèlman senp, si nou ta jis kanpe epi reflechi. N ap depeche nou, n ap frisonnen, nou—nou pè, nou tonbe nan fristrasyon ak dout, jis ap panse. “Bon, eske m dwe depeche m nan . . . ?” Se pa sa. Se jis bay legen, ou wè, reyalize ke w pa anyen, epi jis kite L pran kontwòl la konplètman, pran kontwòl panse w, pran kontwòl.

28 Kounye a, M pa vle di pou apwoche Kris jis ak—ak yon tèt vid. Se pa sa m vle di. Ou vin a Li ak tèt ou dwat, epi ak yon—yon—yon espri repantans, epi enb. E apre sa di, “Seyè Jezi, men mwèn. Kounye a, li ekri la nan Pawòl Ou a, ke W ‘te gen anpil bagay ankò pou di disip yo.’ Ou te di, ‘Yo pa t kab sipòte yo kounye a.’” E petèt se ka nou jodi a, nou pa ka konprann yo.

29 Bondye ka fè parèt jis yon ti bagay diferan, epi nou tout ansanm nou denonse l. Olye pou n chèche nan Ekriti a pou wè si l vre ou pa, nou jis voye l jete byen vit, “Pa gen anyen nan sa.” Nou ta dwe verifye bagay sa yo, chèche konnen si yo vre ou pa. Epi sonje, si yo pa vre, y ap mouri alafen, paske Jezi di: “Chak plant ke Papa m ki nan Syèl la pa t plante pral derasinen.”

30 Men, m kwè ke se Gamalyèl ki te fè gwo deklarasyon sa nan moman sa, “Si l vin de Bondye, nou pa vle retwouve nou ap konbat li. E—e si l pa vin de Bondye, li pa pral abouti a anyen detoutfason.” Kidonk, etidye l epi reflechi sou sa.

31 Epi kounye a, Li te di la, “Men lè Limenm, Sentespri a, vini.”

32 Kounye a, yon moun te di, kèk tan de sa, li t ap pale, li te di, “Sentespri a an reyalite se panse mantal ou. Ou panse.” Sa ta met Sentespri a nan plas yon panse.

33 Men, Bib la te di: “Lè Limenm . . .” Epi “Limenm” se yon pwonon pèsonèl. Ou wè? Ou wè? “Lè Limenm,” Moun nan, Sentespri a, Bondye, “vini, li pral fè n konnen bagay sa yo ke M te di nou an.”

34 Apresa, ou wè, pa gen okenn lòt fason pou konnen kisa ki Verite a. Sèlman pa . . . Ou pa ka genyen l ak kilti, ak eksperyans semine. Ou pral genyen l sèlman gras a Sentespri a. Se Limenm ke yo te voye pou revele Sa.

Kounye a, answit, Li te di ankò, “Epi L ap montre w bagay ki pral rive.”

<sup>35</sup> Kounye a, Ebre, premye chapit la, te di, “Bondye te pale ak zansèt yo plizyè fwa epi nan plizyè fason, atravè pwofèt yo, men, nan dènye jou sa a, pa Pitit gason L lan, Jezikri.” Ou wè? Se Sentespri a ki ap sou tèt, oswa k ap pran posesyon Legliz la, pou manifeste Kris nan Legliz la. Answit, ou vin menm jan Li te ye a. Li te vin jan w te ye a, konsa ou kab vin jan L te ye a. Ou wè? Li vin oumenm, pou ka vin Limenm. Sa, sa—sa depase konpreyansyon. Pa gen okenn fason pou eksplike l, e pa eseye l. Jis aksepte l. Li te pwononse l, e sa te regle. Jis di ke se sa, kwè li.

<sup>36</sup> Kounye a, lè m te yon jenn kretyen, mwen te toujou fè deklarasyon sa a. Mwen te kontan ke Bondye te met men sou mwen anvan legliz te fè sa. Li difisil pou di sa m t ap devni. Men Mwen—Mwen te gen rekonesans pou kondwit la ak kontak dirèk ke Sentespri a te make lavi m, anvan menm ke m te soumèt li. Paske, antan yon ti jenn gason, mwen te konnen te gen yon Bagay. Li te pale, e mwen ta gen pou pale avè L. Li te reponn mwen. Epi m kòmanse remake ke bagay Li te di m yo, kòm yon ti jenn gason, yo te komanse ap rive jis egzaktman jan L te di yo t ap rive a. Konsa mwen te konnen ke sa te dwe vre.

<sup>37</sup> Ebyen, M se yon nonm aje kounye a. E mwen—mwen pa janm menm yon fwa . . . Epi mande mond lan pou—pou ret kanpe, epi mande yo. “Met dwèt sou yon sèl bagay ke L te janm di m, ENSI DI SEYÈ A, nan Non Seyè a, sinon ke sa ki te totalman laverite ak reyalitye, epi ki te rive, pami dè milye fwa dè milye de bagay sa yo.” Ki sa k fè . . .

<sup>38</sup> Pou kisa map di sa? Ou wè, mwen te konsidere nou tout tankou pousyè vòlkan. Men, se pwomès Pawòl Bondye a. Se poutèt sa, Mwen pa ka gen konfyans nan tèt mwen. Ou pa ka gen konfyans nan tèt ou. Men, ansanm, nou ka gen konfyans nan Sa k te pran kontwòl sou nou an. Sentespri a te pran kontwòl nou. Nou dwe gen konfyans nan Sa. Epi kòm nou met konfyans nou nan Sa, lè sa a, rezilta yo vini.

<sup>39</sup> Se ta pèdi larezon pou m ap eseye—ap eseye menm di w menm yon ti pati sou kèk nan bagay yo ke Sentespri a te fè nan pwòp vi demoli m nan, nan jou m yo. Mwen di sa ak Bib Li louvri, Pawòl Li. E se sa L ye. Li se Pawòl la.

<sup>40</sup> Gade, sa a—Semans sa a la ki vin de sann vòlkan an, nan fason yon Èt espirityèl. Bondye vini antanke Lespri epi li manifeste atravè sann lan. Kidonk, se pa lòm. Se Bondye.

<sup>41</sup> Epi si m ta chita, epi m ta pran tan pou m ekri sa m te wè L fè, li ta fè liv an kantite. Epi pou ap panse a sa, la, a senkant-twazan, epi pou ka di devan Bondye, devan Legliz Li, ak Bib la, nan prezans gwoup sa a, ke, “M pat janm te wè L echwe menm pa yon fwa; pafètman nan sib la, chak fwa.”

42 Aleksepsyon, lòt jou lè m te pran direksyon lwès. Ou te jwe kasèt la, anpil nan nou, mwen kwè, nou konprann. Mwen pa okouran. M ap tann. Mwen isit la kounye a. Mwen pa konn poukisa. Mwen jis ap tann.

43 Se kapab lè rantre-lakay pou mwen. Li sanble ak sa anpil. Si se sa, pral gen yon moun k ap vin apre m, ki pral kontinye ak Mesaj la. Li pral yon moun dwòl, men l ap vini apre sa a pou kontinye ak Mesaj la. Epi ou va koute sa. Osi lontan ke se Ekriti a, rete avè l.

44 Si se pa sa, gen yon lòt pòsyon k ap vini kounye a, paske mwen vrèman kwè ke n ap viv nan dènye jou yo, e mwen rekonesan ke m te viv nan jou sa a. Mwen patap twoke jou sa a pou okenn jou. Sa a se jou ki pi gloriye ki te janm genyen sou tè a. Pa gen okenn lòt jou ki te janm depase jou sa a.

45 O, kisa k t ap rive Moyiz, Eli, Pòl, Silas, moun gwo zafè remakab nan lafwa sa yo, nan tan ki te pase yo, si yo te ka resisite pou pran yon liv istwa, epi gade sa yo te pwofetize yo, ap rive egzaktman, epi konstate ki kote nou ye kounye a? Enben, yo tap oblije mete yo nan prizòn, nan inèdtan. Sètènman. Yo t ap tankou moun sovaj, yo t ap monte desann nan lari yo, jis ap rele fò jan yo te kab, ap klewonnen Levanjil la. “Lè a rive.” Apre sa nou wè, aswè a, ke nou lwen anpil de glwa Bondye a.

46 Men mwen ta renmen egzèse jis yon moman, pou ou jan mennen legliz la . . .

47 An pasan, èske Billy Paul bay kat lapriye nan legliz sa a aswè a? Mwen jis sot Tucson kèk minit de sa. [Yon moun di, “Wi.”—Editè a.] Li—li bay kat yo. Kounye a, sa pral yon fason terib pou eseye mennen yo pa bò isit la. Nou pral eseye l.

48 Kounye a, mwen p ap pran twòp tan, jis bay temwayaj sou Ekriti sa a.

49 Sèke, Kris la kenbe tout Pawòl Li yo. Li oblije. Li dwe fè l. Ou wè? Mwen pa oblije fè l; Mwen se yon mòtèl, M ka fè erè. Li imòtèl, enfayib. Li oblije kenbe Pawòl Li. Ou wè? Men m pa oblije kenbe pa m. Ou pa oblije kenbe pa w. Men Limenm wi. O, èske sa pa met yon bagay nan ou, pou konnen ke Li—Li absoliman lye ak Pawòl sa?

50 Epi, sa, semèn sa a, jan nou te pase atravè Bib la, ak pwofèt e patriyach sa yo, epi chak peryòd montre ke lè legliz la te elwaye de sa, Bondye te voye yon moun la menm e l te sekwe yo fè yo tounen toudwat nan Pawòl sa ankò, fè legliz la rantre nan liy. Sa te toujou sa. Sa se règ Bondye. Li te chwazi lèzòm pou fè sa.

51 Kounye a, si L te chwazi zetwal yo pou preche Levanjil, sa t ap fèt depi lontan. Yo pa t janm soti andeyò volonte L. Si L ta chwazi solèy la—la pou preche l, oswa van yo—yo pou preche l, yo pa t janm soti andeyò volonte L. Ou wè?

52 Men noumenm se sou baz chwa lib nou. Nou ka aji jan nou vle. Epi se rezon ki fè nou se tèlman yon tèt chaje pou Li. Se toujou fason *sa a*, e nou vle enjekte pwòp fason nou yo, epi elwaye nou de fason pa L yo. Ou wè?

53 E mwen—mwen te di anvan, lòm toujou ap fè lwanj Bondye pou sa Li te fè. Epi li toujou ap di sa L pral fè. Epi alò, an menm tan, inyore sa L ap fè. Ou wè?

54 Lòm pral di, “O, Bondye te louvri Lanmè Wouj. Wi. Glwa pou Bondye! Se vre.” “Wi, Jezi ap retounen. Alelouya! Se vre.” Men, pale de Li jodi a? “Ah, sa te pou yon lòt jou.” Ou wè? Ou wè? Se toujou sa Li te fè, sa Li pral fè, epi inyore sa L ap fè.

55 Se menm kondisyon yo ke Jezikri te jwenn lè Li te vin sou tè a. Egzaktman. Bondye te pwomèt sa Li te fè a. Epi la Li te, kanpe devan yo, e yo pa t rekonèt Li. “Li te nan mond lan, epi se Limenm ki te fè mond lan, epi mond lan pa t rekonèt Li.” Se vre.

56 “Men a tout moun ki te resevwa Li, Li te ba yo pouvwa pou yo vin pitit Bondye.” Sa se kote gloriye a.

57 Sa te gen kèk tan, yon ti vizyon mwen ta renmen rakonte nou. Epi m pa konnen, petèt m pa t janm di l osinon jis a yon moun kèk kote. Men mwen—mwen te fèk pèdi youn nan moun ki pi remakab sou tè a, pou mwen, manman m.

58 E mwen—mwen renmen manman m. Ala m te konn gade l ap kite tab la, lè nou te tèlman pòv, pa t gen anyen pou manje! Epi li. . . Papa t ap mennen kèk pen, kote li t al pase bale nan yon magazen, oswa yon bagay konsa, epi—epi yo ta vide kafe atè a, epi answit kouvri l ak sik. Epi manman ta fè kòm si li pa t grangou, pou ke noumenm timoun yo te ka gen kichòy pou manje. O, mwen—mwen pa ka janm bliye sa. Ou wè? Ak pakèt fwa ke l ta pran m nan bra l, epi bagay sa yo li te fè pou mwen. Men, ou konnen, Bondye jis—jis tèlman ranpli ak mizèrikòd. Li konprann tout bagay sa yo, lè Li te oblije andire yo. Epi mwen—mwen renmen L pou sa.

59 Sa te toujou rive, ke, anvan nenpòt moun pa m mouri, mwen konn wè l anvan sa rive, nan vizyon.

60 Mwen te wè frè m nan, lè m te sèlman gen dizwit, diznevan. Mwen te wè l anvan l te ale. Mwen pa t menm yon kreyen, men mwen te wè vizyon an vin devan m, mwen te wè frè m nan ale.

Mwen te wè papa m lè li te ale.

61 Howard, anpil nan nou sonje Howard. “Howard,” nou sonje, dezan anvan sa te rive, mwen te di, “Howard, mwen te wè plas ou a make. Ou se pwochen an.” Mwen di, “Metè w annòd, frè m, paske ou se pwochen an ki prale.” Epi l te fè sa, jis egzaktman. E apres, isit la kèk tan de sa. . .

62 Kounye a, mwen espere ke m pap di yon ofans, men, jis pou montre jan—jan Bondye sousye L. Bondye te toujou sousye L de ti

bagay yo, menm jan ak gwo bagay yo. Mwen vle di sa pou benefis kèk bon predikatè sa yo. Pou sa ka . . . Epi m lanse m ladann.

<sup>63</sup> Kounye a, nou ta, nou chak, renmen yon Billy Graham, men nou . . . Epi nou ta renmen nou tout vin yon Oral Roberts. Men, nou, nou pa ni yon Billy Graham ni yon Oral Roberts. Nou se sèvitè Bondye nan chan ke L mete nou an. Ou wè? Kèlkeswa jan l piti, oswa jan l gwo, se jis menm bagay la nan je Bondye, toujou menm bagay la, pou ajì byen nan pozisyon kote w ye a. Toujou, se yon bagay ekstraodinè pou swiv Seyè a.

<sup>64</sup> Mwen ta pito genyen . . . oswa ale epi gen yon legliz ak senkant moun ladan l, nan volonte Bondye, pito pou gen senk mil andeyò volonte Bondye. Vrèman. Bondye ka fè plis ak yon moun nan volonte L, nan inèdtan, ke L te kab fè ak yon moun ki andeyò volonte L, nan senkant. Ou wè? L ap zigzage epi bite, tankou lè w ap tire nan fènwa. Men, lè yon moun vrèman nan volonte Bondye, epi li konn apèl li, li ta dwe rete la a.

Epi kounye a, vizyon yo, ki jan Seyè, Bondye a, travay avèk yo. Mwen . . .

<sup>65</sup> “Lè Limenm, Sentespri a va vini, Li pral revele bagay ke m te di nou yo.” Kounye a, pa gen okenn nesosite pou ap eseye envizaje l, nenpòt lòt fason an. Li se Otè a. Se sèten Li ta dwe konnen sa L te ekri a. Ou wè? Bib la di ke Li te ekri L. “Menm moun nan tan lontan, ki te pouse pa Sentespri a, te ekri Pawòl la.” Epi si Sentespri a se Otè Pawòl la, sètènman Li konn kijan pou L entèprete Li pi byen pase nou. Kite L fè entèpretasyon An. Epi ou konnen kijan, fason Li entèprete L? Kounye a, pa rate bagay sa yo si w ap vin nan yon sèvis gerizon. Ou wè. Pa rate sa a. Kijan Li entèprete l? Pa sa a, nan konfime Li, ou wè, nan fè L konsa.

<sup>66</sup> Se sa Jezi te di. “Fouye nan Ekriti yo. Nan Yo ou panse ou gen Lavi Etènèl; e se Yo menm ki di Kiyès Mwen ye. Se Yo ki pale de Mwen. E kimoun ki ka kondane M? Kimoun ki ka akize M ke M peche?” *Peche* se “enkredilite.” “Si M pa fè zèv ki te ekri sou Mwen yo, alòs pa kwè Mwen. Men, si M fè zèv yo, epi w pa ka kwè Mwen, alòs kwè zèv yo, paske Pawòl la—la te pale de sa.” Ou wè? Sa se jis bon sans, bon sans toulèjou.

Kounye a, Bondye, “Don ak apèl yo san repantans.” Nou konnen Bib la di sa. Yo se sa.

<sup>67</sup> Sa te fè apeprè, prèske dezan kounye a. mwen te . . . Yon maten mwen t ap mache nan kay la—la, epi M te chita sou yon chèz. Kounye a, sa sanble trè etranj, ke Bondye ta met yon bèt ladann. Tankou yon presye frè, sou vizyon Syèl sa a, de ti anlèyman sa a mwen te genyen an; Mwen kwè ke m te di nou sa, yon fwa, oswa nan kèk reyinyon. Li te ekri m yon lèt lòt jou, epi li te di . . . jounal Vwa Òm Dafè a te rapòte l. Li te di, “Se te . . . vizyon w lan te byen, Frè Branham, anlèyman w lan. Men, tandè, se te byen jiskaske w te di chwal ou a, ke w te monte yon fwa a, te vin met tèt li sou zepòl ou.” Li te di, “Pa gen chwal nan Syèl



la, Frè Branham. Syèl la te fèt pou èt imen, pa chwal.” Bon, M te panse. . .

<sup>68</sup> Oke, dabitid, ou wè nenpòt ki moun konsa, ou dwe eksplike tout bagay, y ap jis ap eseye jwenn yon bagay. Ou wè? Ou pa ka eksplike Bondye, de tout fason. Ou dwe jis kwè Li.

<sup>69</sup> Men pou sa te ka rekonfòte l. Mwen te di, “Frè, M pa t janm di Mwen te nan Syèl la. Nan vizyon an, mwen te mande pou Jezi, e yo te di Li pi wo toujou. Mwen te nan yon plas tankou paradi. Men, pou sa ede w, Bib la di, nan Liv Apokalips la, ke, ‘Jezi te sot nan Syèl pi wo yo, li te monte sou yon chwal blan. Epi tout lame Syèl la t ap swiv Li, sou chwal blan.’ Kidonk fòk gen kèk anwo nan Syèl pi wo yo.”

<sup>70</sup> Bondye enterese nan tout bagay. Li enterese nan ti bagay ou fè yo, oswa nan gwo bagay ou fè yo. Li enterese nan fason ou pran swen ti twoupo ou a, oswa oumenm lòt kanmarad la pran swen gwo twoupo ou a. Li enterese.

<sup>71</sup> Kèk tan de sa yon bon frè pa m, ki gen renomè, nou te anba a ap—ap. . . fè lapèch yon kote. Mwen te antre, sot nan reyinyon yo, mwen t ap repoze. Nou te fè lapèch ak kalmason, epi nou te kenbe yon bèl valè pwason. E jou lannwit sa nou t ap sèvi ak liy dòman nou yo, epi nou pa t gen ase pyèj. Byen ta nan apremidi, mwen te soti al peche kèk ti pwason krapèt, sa yo ki tou piti zwit yo. Pa kapab. . . Gwo yo ou ka manje yo, men sa a se jis ti pwason pou sèvi kòm atrap. Apre sa, Mwen te remonte liy lan, liy mouch lan, M ta p pran yo, mete yo nan yon bokit.

<sup>72</sup> Epi yon Bagay te frape m, m te la sou bato sa a. Jènòm sa a te yon Temwen Jewova, epi frè l la te fèk sove epi ranpli ak Sentespri, E konsa de jèn gason yo te avèk nou. Epi pandan m t ap pran pwason sa yo, nou tout, yon Bagay te frape m. Apre sa mwen te di, “Ou konnen, pral gen yon rezirèksyon lavi, tankou yon ti bèt.” Bon, yon ti bèt.

<sup>73</sup> Kounye a, anpil nan nou sonje Pawòl ki te pwononse a, ki te di, “Ta gen yon ti gason ki ta resisite sot nan lanmò, yon otomobil te frape l.” Frè Jack Moore avèk mwen aswè a, ki te la ba a nan Fenlann lè sa te rive a. Ou wè? Anpil nan nou isit la sonje m te di sa isit la, ou wè, m te di w ekri l nan liv ou. Remake.

<sup>74</sup> Epi Frè Wood t ap vire anwon, frè Banks Wood, sila a ke ti gason l lan te geri, ak polyo a. Epi li te vire e li di frè l la: “jis siveye. Yon bagay pral rive.” Mwen te kontinye ap peche pwason, ou wè. Konsa nou te mete pyèj nan liy nou yo ak ti pwason.

Jou lannwit sa a nou pat pran anyen.

<sup>75</sup> Nan demen maten mwen te di, “Gen kèk, bon kantite, ti pwason kapèt laba.”

<sup>76</sup> Li te di, “Ey, an pasan, èske w pa t di ke ta pral gen yon jan de rezirèksyon lavi?”

Mwen te di, “Wi.”

77 Mwen te di nou, lè m t ap kite lakay, yo te . . . Ti fi m nan . . . Nou te yon jan . . . Nou menm nou ka genyen l si w vle, men ou wè, mwen te pè chat. E konsa mwen—mwen jis pa renmen sensasyon sipèstisyè ke w gen toutotou w. E konsa nou pa gen sa bò lakay, epi—epi mwen kwè ke chat la ka reyalize ke m pè l. Kidonk, papa m te pè chat. Kifè, konsa, ti fi m yo te konnen pa t dwe gen okenn chat nan viwonn lan. Epi ti . . .

78 Ti fi m nan t ap desann riyèl la ak yon lòt ti fi, epi l te retounen, ak tout rega-tris, nan figi l, epi li te di, “Papa?”

Mwen di, “Kisa w vle, cheri?”

Li te di, “Gen yon bagay terib ki te fèt.”

Mwen te di, “Kisa l ye?”

Li te di, “Si sèlman ou jis te konnen!”

Mwen te di, “Bon, di m non.”

79 Li te di, “Yon moun te voye yon pòv vye chat jete deyò a, nan riyèl la la a.” Epi li di: “Bagay la sou pwèn mouri, Se apènn si l ka mache.” Epi li di: “Papa, sa pa p deranje w si nou ba l manje epi pran swen l?”

80 Mwen di, “Pa ditou. Si w vle ba l manje, jis fè atansyon. Pa kite l grafouyen w.” Mwen di, “Ban m wè chat la.”

81 Kidonk lè yo te vin ak chat la, mwen te jwenn yon bwat, epi, natirèlman, nan landemen maten nou te gen yon pakèt bann ti chat.

82 E konsa, apre sa, ti—ti gason m nan, lè M t ap pral met deyò, ti Jozèf, limenm t ap gade yo. O, li te panse ke yo te janti, ou konnen, yo t ap grenpe tout kote, ou konnen. Epi—epi konsa li te pran youn nan men l; li te sere yon ti kras twò fò, epi li te chape l sou siman an. Ti bèt la te kòmanse ap tounen anwon, epi ankò. M te panse “O, la la!”

83 E m te panse, “Bon, kounye a, se ka pòv ti chat sa, lè m retounen lakay.” Ou sonje ka oposòm la. M te panse, “Ebyen, li ta ka ti chat sa.” Kidonk apre sa nou te retounen nan yon ti kouran dlo, pou fè lapèch, epi nou t ap pran bèl-bon-grenn pwason kapèt sa yo lè sa, ap lanse tounen sa k piti yo.

84 Frè Lyle, frè frè Banks la, t ap peche pwason ak yon kanapèch, ak yon gwo amson, epi yon gwo kantite vètè. Li kite vyep ti pwason kapèt sa a vale zen sa a byen fon nan ti vant li. Epi lè l rale l monte, li di: “Koulye a, mwen swete ou te pito gade la,” li te jis apeprè longè sa. Epi li jis . . . Li pa t kab retire zen an, mwen kwè. Pat gen lòt fason; sèlman koupe fisèl la. E li te vle konsève zen l lan. Konsa li jis rale bwonch li yo, lestomak li ak tout bagay, sot nan li, *konsa*, epi l te voye l jete nan dlo. Epi li—li te jigote twa oswa kat fwa epi li jis te blayi la. Li te di, “Ou te tire dènye katouch ou, ti zanmi.”

85 Mwen di, “Lyle, lè l kòmanse mòde. . . Jwenn yon zen ki pi piti ke sa. Lè li kòmanse mòde, pran baton mouch sa a ki depoze la, epi osito ke l kòmanse mòde, pran li. Ou wè? Anvan l trape l pou vale l, pran l nan bouch li.” Mwen di, “Sa a se fason espòtif pou pran yo.”

86 “A bon,” li te di, “M te rale l move fason an,” epi li te jis ap kontinye. Apresa li te eseye kèk fwa, epi l te rate apeprè twa oswa kat. Epi li te depoze bagay la, li te di: “Mwen pral jis kite li vale l ankò.”

87 Konsa ti pwason sa a t ap flote sou dlo a la pou yon ti tan, o, mwen kwè, trant minit. Epi vag yo te kòmanse sòlve epi ap vini.

88 Mwen di, “Bon, nou pral oblije kite trè byento. Nou gen yon bokit la, kidonk nou pral oblije kite.”

89 Epi M te leve kanpe, pou voye sa sou kèk kousen flè lis, pou yo ap bouje. Te gen kèk gwo ak lestomak-wouj yo laba. Konsa mwen te kòmanse, ap rale priz—priz—la sot nan kousen an, ou konnen, vire l sou do sou kousen an, epi sekwe l, jan nou menm kanmarad ak fanm yo konnen osijè lapèch.

90 Epi lè m te kòmanse fè sa, toudenkou, yon Bagay te desann sot nan ti mòn yo, menm jan ak yon Van k ap devide. Epi Li te vin sou mwen. Mwen te lage kanapèch la, pou m te leve kanpe nan kannòt la. Apre sa M te gade toutotou. Mwen te tande yon Vwa ki di, “Ou wè ti pwason sa?” Epi li te la, lonje la.

91 Mwen te di, “Ou wè ti pwason an?” jis jan Li te di l la. Ti najwa l yo te kanpe rèd, epi li te, lonje nan dlo a depi yon demi è. Epi Bib sa a depoze louvri kounye a. Ou wè?

Epi L te di: “Pale avè l, epi reba l lavi li.”

92 Apresa, mwen te di, “Ti pwason, lan Non Seyè Jezi, mwen reba w lavi w.”

93 Epi mesye sa yo kanpe la, ap gade. Ti pwason sa vire sou do l, e li te desann ale nan dlo a. Sanble yo te endispoze. Lyle te lave figi l nan dlo. Li te di, “Mwen pral reveye apre yon ti moman.” Li te di, “mwen—mwen konnen m ap reve.”

Mwen di, “Ou pa p reve.”

94 Epi jis nan menm moman an, mwen kwè m te gen, sou lis lapriyè, trant oswa karant timoun ki paralize. Epi ki jan pou Bondye ta detounen L, de timoun ki paralize sa yo, resisite ti pwason sa, sa jis montre ke Li enterese a tout bagay.

95 Poukisa L ta itilize pouvwa Li pou madichonnen yon pye fig, alòske te gen dè milye lepre nan peyi a? Epi Li te detounen L de lepre sa yo pou al madichonnen yon pye fig, epi Li di: “Pèsonn pap nourri l de ou,” epi pye fig la te cheche. Li te itilize pouvwa Li, pou montre ke L enterese nan pyebwa. Li enterese nan pwason.

96 Li enterese nan ou. Li enterese nan mwen. Epi Li enterese pou wè Pawòl Li a manifeste, e Li konte sou nou pou fè l, paske

nou se ajan Li yo. Anyen pa vin de noumenm. Se Limenm; lè nou soumèt nou e lè n ap mache avè L.

<sup>97</sup> M te wè yon vizyon jou maten sa. Mwen te wè yon gwo bèt ki kouche bò yon kote ti mòn lan. O, li te gen yon gwo bout tonton pè kòn. Mwen te nan yon vwayaj lachas nan vizyon sa a, li te ka dis oswa onzè nan jounen an. Apre sa, mwen fofile kòm la pou tire bèt la.

<sup>98</sup> E apre pandan retou a, yon gwo tonton, lous grizzly te leve kanpe anfas mwen, epi mwen te tire l.

<sup>99</sup> Apre sa mwen te wè yo te pran kòn yo, e yon ti men te lonje pran kòn yo, li te mete riban pou pran mezi a sou li. Li te mezire karannde pous, depi anlè gwo bout bwa a rive sou tèt kòn lan, karannde pous de wotè. Mwen pat janm wè okenn bèt tankou l, ak gwo gwo pwent nan kòn li yo. E, poutan, li te sanble ak yon sèf, men se, o, la la, li te fè de oswa twa fwa yon sèf. Mwen pat janm wè yon bagay konsa.

<sup>100</sup> “Bon,” Mwen di, “pwobableman sa pral rive yon jou. M ap jis note l.”

<sup>101</sup> Mwen te desann Kentucky ak yon zanmi m, epi frè Miner Arganbright te rele m, li te di, “Frè Branham, èske w okipe?”

<sup>102</sup> M te reponn, “Pa tèlman.” M te di, “Mwen ta pral . . . Mwen gen de semèn kounye a. Mwen gen yon ti vakans.”

<sup>103</sup> Li te di, “Monte Canada, Alaska, avè m. Nou vle òganize yon reyinyon Òm Dafè chapit Anchorage epi chapit Fairbanks lan tou.”

M te di, “Sa sonnen byen, si m ka jwenn tan pou fè l.”

<sup>104</sup> Li te di, “Ebyen, Frè Branham, si w ap fè sa, m ap di w ke, n ap fè w fè yon bèl chas lous grizli.”

<sup>105</sup> M te panse, “Oh, sa sonnen byen.” M te panse, “O, o, men vizyon an. Ou wè, se sa.”

<sup>106</sup> “Yon bèl chas lous grizli,” M te di, “sa sonnen byen. Mwen pa prale pou sa. Men, pandan nou anwo la, epi kèk nan gid yo vle akonpaye m, gratis, m ap kontan ale.”

Konsa, li te di, “Bon, yo—yomenm ap fè l. Nou te fè aranjanman an.”

M te di, “Bon, kounye a tann. Kite m priye sou sa.”

<sup>107</sup> Apre sa mwen te monte al nan bwa jou sa, e chak fwa mwen te priye, plis mwen te elwaye m, tout tan, konplètman lwen de sa. M te panse, “Sa etranj.” Epi de jou apre sa, mwen te rele Frè Arganbright. Mwen te di, “Non.”

<sup>108</sup> Li te di, “Frè Branham, nou jis fin regle tout bagay.”

<sup>109</sup> Mwen di, “Piga w fè l. Sentespri a te kondane l.” Apre sa Mwen te rakonte l vizyon an. Mwen di, “mwen—mwen pa

konnen, frè Arganbright, men sa etranj. Men Li pap kite m monte anwo a la, e, poutan, sa parèt tankou se—se ta kote a.”

Epi li di, “Bon, kounye a, nou tout pare pou ale.” Apresa, mwen te di . . .

<sup>110</sup> Kounye a, anpil nan nou pral wè Frè Arganbright. L ap vin isit la kounye a, pou l prepare avè m, pou al lòtbò dlo apre reyinyon sa a. E konsa ou ka mande l sou istwa a. Kidonk nou te di . . .

Mwen di, “Non. m jis pa ka fè l. Sentespri a di m pa fè l.”

<sup>111</sup> Se mye pou w obeyi, pe enpot konbyen, kijan sa parèt byen. M pral preche sou yon bagay konsa demen swa, si Seyè a vle. Konsa, kounye a, sonje, kèlkeswa jan sa parèt byen, si Bondye pa ladann, rete lwen. Kèlkeswa jan sa parèt ekstraòdinè, rete lwen. Kijan l ap pwospere, rete lwen l si Bondye pa ladann. Rete lwen li. Kounye a nou pral pale sou sa demen swa, Si Seyè a vle.

<sup>112</sup> Kounye a, lè m te al lakay mwen, Billy, pitit gason m nan, te di m, li te di, “Papa, èske w konnen ke chasè sa ou te al lachas avè l prentan dènye anwo laba a, ki rele Southwick la?”

<sup>113</sup> “O,” Mwen di, “anwo a sou . . . nan . . . pi ba Yukon la?”

Li te di, “Wi.”

Li te di, “Li te gen yon lèt isit la pou—pou ou.”

<sup>114</sup> Se Frè Eddie Byskal, ki se chèf—chèf asosyasyon ministè peyi nòdwès anwo a la, yon jènòm trè byen, li ka isit la nan reyinyon sa a. L ap planifye pou l vini isit la fwa sa a. Yon jènòm trè byen, e li gen yon bèl fanmi. Li—li an misyon anwo a kounye a kot pèp Kri yo, Endyen Kri yo. Ebyen mwen te jis avè l lotòn pase a. E answit, . . . Oswa, lete pase a, pito.

<sup>115</sup> Aprè sa limenm, Eddie, te vle mennen m kot Bud, ki te youn nan konvèti l yo a Kris la. Madanm li se te yon Pannkotis devwe. Bud se te yon elvè bèt, epi li te apènn antre. Men yo te dechèpiye l, kote yo te chase Endyen yo pou mete yo nan rezèv, yon gwo teritwa pou lachas. Apeprè sis . . . O, mwen kwè ke l te gen anviwon twasan mil kawo tè, osinon plis, nan viwonn lan la, kòm yon teritwa ke gouvènman Kanadyen an te depose l.

<sup>116</sup> Bon, sezon prentan sa, lè m te al anwo a, nou te al chase lous apre reyinyon an, men lè nou . . . nan mwa Me, men van chinouk la ki te vini epi li bare wout nou. Nou te gen anviwon . . . Li pa t janm tande anyen osijè reyinyon yo, e Eddie pa t sispann pale avè l apwopo reyinyon yo.

<sup>117</sup> E li te di: “Ou pa vrèman serye pou ap di m, jodi a, ke Bondye ap manifeste Tèt Li, pou ap montre bagay k ap vini anvan yo rive?”

Eddie te di, “Se egzaktèman sa.”

<sup>118</sup> Konsa, li te kontinye ap pale avè m. Li te di, “Ou konnen, mwen gen yon frè ki souffri epilepsi.” Li te di, “Si w ta ka jis rive

kot frè sa a!” Li te di, “Mwen kwè, si jamè m te ka mennen l nan youn nan reyinyon w yo, mwen kwè li t ap geri.” Mwen te di . . . te di, “Li te genyen l pandan tout vi li.”

Mwen te di, “Petèt byen.”

<sup>119</sup> Bon, li pa fè nwa anwo a nan epòk sa nan ane a, ou konnen. Solèy la jis kouche, li vin . . . O, ou ka, nenpòt ki lè a, minwi, inè, ou ka jis kanpe, li jounal, nenpot ki bagay la, ou wè. Epi nan—nan dènye pati mwa Me a solèy la pa janm kouche. Li jis apèn plonje, prèske ale, anviwon dis minit, epi l retounen. Kidonk, nou jis konn lonje kò nou lè nou te fatige.

<sup>120</sup> Apresa, sou wout lè nou t ap soti, nou te rankontre yon bann Endyen. Epi, o, mwen te avèk gran chèf la laba. Yo kite l rete la paske l te gen de pitit. Yo antere pitit yo nan yon twonson bwa, sa ki byeneme pa yo. Yon jan de relijyon. Epi yo te sispann yo sou pyebwa, kidonk yo te jis kite fanmi sa a rete la. Bon vye zanmi, ki te depase katrevendis lane, te chita sou sèl chwal li jis osi byen ke youn nan ti gason l yo.

<sup>121</sup> E konsa nou te kite jounen apre a. Li te di, “Pa gen okenn chemen kwaze kounye a. Se al sou mòn yo epi pran wout *sa a*.” O, se te yon lòt santèn kilomèt, pou fè yon santye. Kidonk, nou patka fè sa. Li te twò ta. Nou te kòmanse retounen.

<sup>122</sup> Epi sou chemen retou a, Bud gen yon seri de jenn chwal, epi kèk nan yo te desann nan marekaj ak bagay konsa. Epi M t ap pase bò la, ap pale, Eddie avè m. Epi Bud te sou chwal ki antèt la, ap eseye soti. Nou te gen venteyen tèt betay. E M te met youn anba kod, pou fè l soti. Epi jis osito ke l te soti, alò, pwòp chwal pa m nan ki sele a te anfonse. E men mwen ki te la, ap eseye soti. Epi m te chaje ak labou ak tou sa . . . Nan kèk minit, mwen te monte sou chwal mwen an, epi retire labou sou rad mwen, *konsa*, m te derape.

<sup>123</sup> Epi drèt devan m, atravè ti mòn sa la, yon jèn gason te vini. M te gade l. M te remonte sou sèl chwal la epi m te fè l ret anplas. Apresa, mwen te wè l fè yon kriz, ankò e ankò, epi ap kimen, li te vin vrèman awogan, epi jis ap dechire tout bagay. Epi apres a li te vin kalme l. M te wè yon vye zandolit. M te wè chemiz li ki t ap boule.

<sup>124</sup> Eddie te depase m anviwon mwatye yon bout kafou, ap eseye jwenn yon lot chwal. Jenn chwal la te kouri kite santye a, li te retwouve l laba, te wete chay yo sou li, ap ranni. Kidonk lè sa a, mwen te kouri monte la kot Eddie. Nou te fè chwal la ret trankil. M te di, “Eddie, mwen gen ENSI DI SEYÈ A pou Bud.”

Li te di, “Frè Branham, kisa k pase?”

M te di, “Yon vizyon. Mwen te wè frè l la.”

Li te di, “O, al chache l.”

125 Mwen di, “Ret ak chwal yo. M pral galope vit pou m pran devan, m te fè tout tou chwal sa yo, pou wè si m te ka kenbe yo bò kot ti mòn lan.”

126 M fè tou falèz la, fason *sa a*, ak chw . . .sou chwal mwen. M te pouse l monte, epi m te rive anwo la. Apre sa m met men m sou sèl la. M te di, “Bud?”

Li te reponn, “Wi, Frè Branham.”

127 M te di, “Mwen vle di w yon bagay. Frè w la . . .” epi m te dekri l.

Li te di, “Wi. Kiyès ki te enfòmè w?”

M te di, “Pèsonn. Seyè a te jis montre m li.”

M te di, “Èske w pral kwè m kòm antan ke sèvitè L?”

Li te di, “Sètènman, Frè Branham.”

128 M te di, “Voye anba a,” anviwon—anviwon uisan kilomèt pou tounen kote k gen sivilizasyon, “fè frè w la vin anwo isit la. Epi premye fwa li fè youn nan kriz sa yo . . .” M te di, “Li te genyen yo depi l te gen anviwon dezan. Ou ta ka pa kwè l, men sa ereditè. Granpapa w te genyen yo.”

Li te di, “Ebyen, se laverite. Se vre.”

129 M te di, “Kounye a, lè jèn gason sa fè kriz sa, retire chemiz la sou li epi jete l nan dife, Epi di, ‘M ap fè sa lan Non Jezikri, dapre Pawòl Li.’ Li pap janm fè yon lòt, osi lontan li va kwè l.”

130 Li te jis leve men l yo, li te kòmanse rele fò. Li te di, “Mwen pat janm wè sa fèt, men ou jis te sètènman di m a kisa frè m nan sanble, e ou te di m laverite osijè de granpapa m.”

M te di, “Se vre.”

131 Apre nou te pati, li te voye chache frè l la. E li te soti pou trase yon santye jou maten sa, lè l monte nan bis la (li konn monte, pase de ou twa fwa pa semèn, ap monte desann otowout Alaska a), li te konn vini pou . . .

132 Epi madanm Bud la, Lila, se jis yon vyep ti bagay, yon ti madanm, apeprè gwozè yon ba savon apre yon fanmi te fin fè lesiv avè l. Jis yon ti . . . Li te gen senk timoun, epi yon ti madanm byen dou.

133 Se konsa Bud te soti al prepare chwal li yo, paske li ta pral trase yon santye, pou nou te ka itilize pou retounen avèk chasè pa l yo.

134 Epi osito ke l te ale, ebyen, frè l la te la, san l potko retire bon rad sou li, li te fè yon kriz. Epi yo te refijye yo nan yon vye kay, kote Ameriken yo, lè yo t ap konstwi otowout la, yo te bati la. E lè ke . . . Yo te gen yon vye kwizinyè an salamand ki te sèvi kòm fou. Epi ti Lila . . . te gen—li te konn grafiyen lè l te fè kriz sa yo. Kifè manzè te pè l amò, li ta travèse yon fenèt, *youn oswa yon lot bagay konsa*, pou soti nan zòn lan. Konsa manzè te kòmanse

vòltije soti, men manzè te panse ak sa k te di a. Li te nan youn nan reyinyon yo, anba a nan Dawson Creek.

<sup>135</sup> Li kouri laba epi li te sele gwo kanmarad sa a, te retire chemiz sa sot sou do l, ap pouse kri, bouton yo ak tout bagay, nan chemiz blan l lan, li te apwoche bò fou a, e l te di, “Mwen fè sa lan Non Seyè Jezi, dapre Pawòl Seyè a ki te vin a noumenm lan.” E depi lè a li pat janm fè yon lòt. Se te regle.

<sup>136</sup> Li te voye di m pou m vini, pou yon pati chas gratis. E m toujou ap cache bagay gratis sa yo, ou konnen. Konsa M te panse, “Bon . . .” Mwen te di, “M prale. M pral wè si Seyè a ap kite m ale.” Mwen te priye. Epi m te jis rete nan lapriyè, tout bagay t al byen nan fason sa a.

<sup>137</sup> Mwen te pran Frè Fred Sothmann. Li kèk kote la nan reyinyon an. Kote ou, Fred? Men li. Ya. Li se youn nan administratè legliz nou an. Frè Fred konnen ke sa te di twa mwa anvan l te rive. Eske se sa, Frè Fred? Epi, mwen kwè, Frè Simpson. Konbyen moun ki nan bilding nan aswè a ki konn sa, ke sa te di, anvan l te rive? Leve men nou. Men ni. Epi sa te di devan legliz la, egzaktman sa k ta pral rive a. Ebyen, M pat konn si sa te dwe moman an.

<sup>138</sup> Kidonk mwen te monte pa—pa otowout Alaska a, epi Frè Fred te rete kay yon zanmi, pou al chase oriyal. Li twò lwen nan fon laba a pou oriyal. Alòs nou te nan yon peyi pou mouton, kote n ta p prale a. E se konsa nou . . . Mwen te pran yon—yon moso—moso lakrè oswa pousyè tè, e m te desinen sou vit machin lan. Mwen te di, “Kounye a, Frè Fred, ebyen si sa se moman an, w ap sonje egzaktman kisa l pral ye.” E li sonje sa.

<sup>139</sup> Mwen te kontinye monte. Jou lannwit sa, lè n te rive nan kan an, Bud te di, “Frè Branham!” Li te ban m yon akolad epi li t ap sote—ponpe, li t ap pale an lang epi ap rele byen fò, ou konnen. Li te di . . . Epi sete, yon kòbòy kòryas, tou. Epi li—li te jis ap bay Bondye glwa. Li te di, “Ou konn yon bagay, Frè Branham? Frè m nan pat fè yon kriz depi lè sa. Li pafètman nòm al e an sante, lane anvan an.”

<sup>140</sup> Mwen te di, “Osi lontan ke l va kwè l, sa pral kontinye konsa.” Apre sa mwen te di, “Kounye a di l pou l soumèt lavi l a Kris, epi sèvi L pou restan jou l yo. ‘Ale epi pa peche ankò, osinon yon bagay pi mal ap tonbe sou li.’ Ou wè?” M te di, “Di l pou l fè sa kounye a.”

<sup>141</sup> Konsa m te di, “Mwen gen yon lòt vizyon,” epi Mwen te rakonte l vizyon an. Mwen te di, “Kounye a, te gen kèk ti zanmi avè m. Nou te nan yon vwayaj lachas. Yo te dèzòm ti tay. E youn nan yo te gen yon chemiz vèt akawo, sou li.”

<sup>142</sup> E l te di: “Ebyen,” li te di, “Frè Branham,” li te di, “Mwen pa gen chemiz vèt akawo.” Pitit gason l lan, Blaine, ki gen dizwitan, te di ke l pa gen okenn chemiz vèt akawo.



143 Eddie Byskal, yon lòt ti kanmarad toupiti, ki peze apeprè san dis liv, li te di, “Mwen menm tou M pa gen youn non pli, Frè Branham.”

M te di, “Ebyen,” M te di, “kounye a, bèt la . . .”

Li te di, “Kijan de bèt li te ye?”

M te di, “Li te sanble ak yon sèf.”

144 Li te di, “Pa gen sèf anwo bò isit la. Sa a twò wo.” Li te di, “Petèt se te yon karibou.”

Mwen di, “Yon karibou gen bwa.”

Li di, “Se vre.”

Mwen di, “Sa a te plen pik.”

145 Li te di, “Ebyen, Frè Branham,” li te di, “nou pral nan peyi mouton, pa nan peyi sèf oswa nenpòt bagay konsa.”

146 Mwen di, “Bon, se pwobableman yon lòt vwayaj. Frè Arganbright . . . Li ta ka yon kote nan Alaska,” Mwen te di, “paske se te yon gwo kokenn, grizzly.”

Li te di, “Ki kalite grizzly li te ye?”

Mwen te di, “Tèt-ajante.” Sa a se pi popilè a nan yo tout.

147 Li te di, “Mwen se yon gid. Mwen te nan forè sa yo isit la tout vi m. Mwen pa janm wè yon tèt-ajante.” Li te di, “Mwen te wè yon vye lous grizzly òdinè. Men,” li te di, “Mwen pa janm wè yon tèt-ajante, M pa janm wè youn nan vi m.”

148 Mwen di, “Bon, gen kèk, youn kèk kote, e m ap jwenn li.”

Li te di, “M ap di sa se laverite.” Li te di, “M ap di sa.”

149 Nou te kite, twa jou apre. Nou te fè kan an dirèk, anwo liy bwa forè a.

150 Epi ke Bondye ede m, si yo te ka rete konsa jouk tan Milenyòm lan, pou pèmèt mwen viv la pandan Milenyòm lan. Mwen jis renmen pran beny lanati sa la. O! yon moun ki paka wè Bondye la, li—li avèg, soud, e bèbè. Jis wè L ap reflete Tèt Li nan gwo kokenn, mòn sa yo! O, la la! pwofondè a ap atire pwofondè, lè sa, epi anwo a la jis ap pase youn moman gloriye.

151 Se konsa nou te monte sou yon mòn. Nou te jis gen pou mache toudwat, *konsa*, jis ap monte anwo l. O, pa gen pyebwa, tou senpleman plim karibou se tout sa w te wè. Nou te wè anviwon trant oswa karant tèt mouton. Pa t gen youn ki te ase gwo pou nou pran. Se te jis ti demi-wonn, ak twaka-wonn. Mwen—Mwen te vle youn ki gwo ase pou soti la avè l, konsa nou t ap pakouri distans sa pou tounen. kidonk nou . . . Mwen te tounen desann.

152 Epi jou apre a nou te kòmanse travèse, apre sa Eddie te tonbe nan dlo lè l te kòmanse ap sote pou travèse, ak yon gwo pè soulye nan pye l.

153 Lè n ap monte sou bò mòn lan, Bud te kanpe pou di: “Prete m longvi w yo, Billy.” Mwen te ba l longvi yo.

154 Nou ta mache yon bon ti bout, pou ap pale de Seyè a, ap rele, epi ap kouri monte-desann bò kot ti mòn lan, jis gen yon moman mèveye. Li bon pou ale, nan vwayaj lachas, si w ale ak kèk frè.

155 Se konsa li te pran longvi m yo. Li te di, “Frè Branham, men belye w lan. Gen apeprè uit nan yo ki te kouche a anviwon sis mil distans, toudwat anlè tèt lòt pik sa. Gade yo. Ou wè yo ansanm?”

Mwen te ranmase. M te di, “M ka di, yo la, egzakteman.”

156 Li te di, “Oke, nou ta ka fè byen tounen desann, pou kòmanse nan maten vè twazè.” Li te di, “Nou ta dwe anwo a la vè nevè, oswa apati de dizè. Vye belye yo pral lonje la. Sa pral egzakteman moman an.”

Mwen te di, “Ki lòt bagay sa yo k ap tounen anwon la?”

157 Li te di, “Sa se karibou.” Mwen te di . . . Alòs, a sis mil pi lwen, ou konnen, li difisil pou di a kisa yo sanble.

158 Kifè la, depi lè sa, a sisan mil distans, fason kòbo yo vole, pa menm gen yon chemen oswa yon santye. Epi lè w rive nan Kot Lwès la, ou kontinye anviwon 800 mil distans pou jwenn Vancouver, pa menm gen okenn tras sivilizasyon. Epi sivilizasyon pi pwòch, nan direksyon *sa a*, se Anchorage, a anviwon sèt oswa uitsan mil distans. Tounen nan direksyon *sa a*, ou antre nan ti vil la, Yellowknife, kote w pran bato la yon fwa pa ane pou al kot Eskimo yo. Epi, apre sa, ou rive Larisi. Konsa, ou vrèman pou kont ou. Se la kote Bondye ka pran repo Li, anwo la, de tout pwoblèm nou yo ak eprèw ke nou mete L ladan yo. Kidonk, m renmen monte la pou ap pale ak Li lè L ap repose L, ou wè, konsa apres la lè sa te tankou yèswo sou—sou bato a.

159 Konsa lè n te tounen desann, epi nan denmen maten nou te kòmanse bonè. Bò anviwon uitè, nou te travèse touf feyaj ak tout bagay sa yo, jiskaske nou te rive anlè tèt ti mòn lan. E sou wout la, yon vye bèf karibou te pase, se te yon towo bèl gwochè. Li te ale, te kòmanse monte ti mòn lan, ak gwo panach li yo. Apresa m te di, “Bon, konsa se te premye karibou ke m te janm wè nan bwa a, nan eta sovaj li. M pat janm rive wo konsa anvan.”

Li te di, “Ya. Sa se yon karibou.”

160 Kidonk nou te monte sou ti mòn lan pou ap gade. Mouton yo pa t la. Konsa Bud avè m te mache toutotou. Epi Eddie te kòmanse ap fofile kò l, e Blaine, ti gason l lan, ap chache jibye.

161 Epi nou te pwoche la, e, o, la la, mwen jis te rele kriye ak tout fòs, “Glwa pou Bondye!” M te gade anba la, e te gen gwo mòn ak pwent-nèj yo, plim jòn karibou anba nèj la. Epi jis anba sa nou te jwenn pye sopen, ki te kategori pygmy spruce. E yon ti kras pi lwen anba, te gen bwousay, wouj yo. Yon ti kras pi lwen sa, se te pepliye k ap ajite, espès jòn lan. Tout sa t ap reflète nan lak ki pa anba l la. O, la la!

162 Bud ak mwen nou jis pase men nou nan kou youn lòt, pou jis ap danse yon ti laviwon toutotou la, jis ap rele epi kriye fò, epi bay Bondye glwa. Epi nou te chita ak men nou nan kou youn lòt, pou jis ap bay Bondye glwa. E nou te gen yon moman mèveye, mwen kwè, pandan apeprè dezèdan.

163 Apre sa m te di, “Di m non, m ap mande m sa k rive Eddie?” Nou te rele l “Chelbè.” Kidonk nou te retounen. Nou te kòmanse atravè ti mòn lan. M te di, “Li paka pèdi bò isit la.”

164 Epi li te di: “Non. Blaine tounen kèk kote laba, epi li se yon Endyen.”

165 Kidonk nou te gade toutotou, e m te wè yon kamera pou filme atè a la. Mwen te di, “Sa se pa Eddie a.” Mwen te tounen gade anba ti mòn nan. Epi mwen t al nan direksyon *sa a*, e limenm t al nan lòt la.

166 E Eddie t ap fè, “Sh-sh-sh-sh.” Li t ap swiv ti, towò karibou sa. Apre sa li ta pral mennen l tounen desann anba, bay zanmi Endyen ke l te an misyon kote yo a. Kidonk, li te tire karibou a. Nou t al anba pou byen netwaye l.

167 Lè n retounen, li te nan anviwon inè. Nou te jwenn chwal sele nou yo ankò, apeprè yon demi mil pi lwen, kote yo te kanpe a. Epi nou te kanpe la. Li te di, “Frè Branham, ou renmen mache?”

M te di, “Mwen renmen sa sèten.”

168 Li te di, “Si nou eskalade mòn sa a . . . Belye mouton yo te travèse wout *sa a*, apres a yo te desann nan lòt twou sa, petèt. Si yo pa t fè sa, yo te tounen pa lòt wout *sa a*.” Li te di, “Ann kite Eddie ak lòt yo tounen, epi n ap pran chemen koupe sa bò *isit la*, epi pran chwal sele m lan ak chwal sele pa w la, apres a pote karibou an nan kan an. Epi nou pral fè ke monte pa bò isit a pou rive kote sa. Epi nou ta dwe antre apeprè a dis oswa onzè diswa.”

Mwen te di, “Dakò. N ap fè sa.”

169 Se konsa, nou te kanpe la. Nou jis te manje yon bwat sadin, youn, nou chak. Epi nou te antere sadin sa, anba plim yo. Epi pen nou, ke n te genyen anba chemiz nou, nou te tèlman swe ke sa te tounen yon gwo boul. Men li te bon, lè w grangou. Epi se kòrèk. Konsa, nou te kanpe la a.

170 Apre sa m te jis ap gade toutotou. Epi m te gad nan longvi a. M Te di, “Bud, gade la. Ki sa k laba?”

171 Apeprè twa mil pi lwen, karibou sa te twouve l la. E se te youn ki etranj. Li pa t gen bwa an panno; se te bwa ak gwo pwent. Mwen di, “Ou sonje? Gade la. Men sèn panoramik sa, jis egzaktèman. Epi men bèt sa ki kouche la, egzaktèman fason an.” Mwen te di, “Gen yon sèl bagay ki nwi vizyon an, yon moun ak yon chemiz vèt, chemiz akawo.” E men Eddie ki te kanpe la ak yon chemiz vèt, chemiz akawo sou li. Mwen di, “M te panse ou pa t gen youn.”

172 Li te di, “Madanm mwen dwe te mete sa nan pake a. Lè m te tonbe nan dlo a, yè, m te, chanje chemiz.” Li te di, “M pa t konnen l te mete l ladann, Frè Branham. Mwen regrèt ke m te di w yon bagay ki pa sa.”

Mwen te di, “Ou jis te oblije fè sa, pitit gason m.”

173 O, Bud te kòmanse ap rele fò. Li te di, “Ou ka kanpe drèt la pou tire l, a twa mil distans. Pa vre, Frè Branham?”

M te di, “Dapre vizyon an, mwen te kole sou li.”

174 Li te di, “Frè Branham, m ap mande w, kouman w pral fè pou rann ou laba a?”

M te di, “Mwen pa konnen, men m ap rann mwen laba a.”

Se konsa, li te di, “Kouman w prale?”

Mwen te di, “M pral fè tou peyizaj sa a.”

175 Li te di, “Sa a se tè ajil.” E m . . . te di, “Si w glise, ou pral gen apeprè mil tòn nèj sou ou, nan anviwon yon segonn.”

176 Apresa, m te di, “Seyè a pral okipe L de sa. Se konsa m te ale, nan vizyon an, jis tounen toutotou.”

Li te di, “Bon, m ap swiv ou.” Men li ki te vini.

177 Epi ti jènòm sa yo te di, “N ap ret isit la kounye a jiskaske nou wè w pran karibou a,” epi yo di, “answit n ap—n ap desann, pran chwal yo pou rantre. N ap rankontre w anba nan fen santye a, ki te a anviwon, o, anviwon kat oswa senk mil pi ba.”

Li te di, “dakò.”

178 Se konsa nou te kòmanse ap fè tou a, Bud avè m. Nan apeprè yon demi è, nou te fin fè tou a. E karibou sa te lonje drèt la, ap gade nan direksyon nou, e li pa t janm wè nou. Li dwe t ap dòmi. E nou t al anlè yon ti fant, pou retounen, e nou te monte vin a yon distans de trant mètr de li. Li te lonje la. Gwo bèt, mastodont sa, te leve kanpe la, e m te pran l.

179 Pandan nou te chita la, nou t ap retire po a, ak lòt bagay, sou li, konsa, Bud te di, “Eske w te di ke kòn sa yo te mezire karannde pous?”

Mwen te di, “Se egzaktaman sa.”

180 Li te di, “Frè Branham, yo dwe fè san karannde,” gwo kokenn tèt.

M te di, “Non. Li jis egzaktaman karannde.”

M te di, “Mwen gen yon santimèt anba la.”

M te di, “Eske w doute de sa?”

Li te di, “Non, mesye.”

181 Li te di, “Men, tann on minit, ou pa t di m ke w pral pran yon gwo lous grizzly anvan w tounen desann? Ta gen yon pwent ajante, anvan w tounen kot jènòm sa ye a, ak chemiz vèt la sou li a?”

Mwen te di, “Sa se laverite.”

182 Li vire gade anba dèyè ti mòn lan. Bon, pa gen yon bagay ki wotè sa, anyen ditou. Jis plim karibou, se tout sa w wè, dè mil e dè mil distans, jis ti kolin ak plim k ap woule. Li te di, “Ki kote l ye, Frè Branham?”

183 Mwen te di, “Li ka founi youn. Li te di sa.” M te di, “Ou doute de sa, Bud?”

Li te di, “Non, mesye.”

184 Bon, pou desann ti mòn lan, nou te fè *konsa*. Li t ap pote fizi a depi yon ti moman, e m t ap pote tèt twofe sa, ap chanje youn ak lòt. Nou te jis oblije mache sou kote, lè n ap desann, gwo kòn sa yo te jis ap trennen nan touf plim yo. E nou te rive apeprè yon mil de li. Nou te kanpe pou ap gade toutotou. Li te di, “Vye lous sa ta fè mye parèt, pa vre?”

Mwen te di, “Poukisa ou—poukisa w ap trakase w?”

Li te di, “Anyen.”

185 Nou te kontinye jiskaske nou te tonbe sou yon ti glasye ki t ap vini. Nou te chita la epi nou te rafrechi nou yon tikras. Li te di, “Frè Branham, jis panse a sa,” te di, “nou pa gen plis ke anviwon, o, mwens pase yon demi mil pou nou rive kot jènòm yo, epi yon kote ant isit la e la ou pral touye yon lous tèt ajante.”

186 M te di, “Se sa. Se sa.” Li te di. . . Mwen te di, “W ap doute de sa, Bud.”

187 Li te leve kanpe e l te pran men m. Li te di, “Frè Branham, frè m nan pa janm gen yon kriz depi jou sa pou rive jodi a.” Li te di, “Bondye ki te ka pale w de frè m nan, patap ba w manti.”

Mwen te di, “Bud, l ap la.”

Li te di, “Ki kote l ap soti?”

188 Mwen te di, “M pa konnen, men,” M te di, “Bud, mwen gen senkanndezan,” (lè sa), e m te di, “Mwen gen vizyon, depi m te yon timoun. E lè m te wè karibou sa la, mouri, epi ou te gade si kòn li yo pa t karannde pous. E alò, se menm vizyon an, mwen te nan wout ap retounen nan direksyon kote zanmi an te ye, zanmi ki te avè m lan, Mwen te touye lous grizli ajante, sa a.”

Li te di, “Frè Branham, mwen ka wè a ven kilomèt.”

189 Li te di, “Bondye pral oblije rale l sot nan tè a, oswa fè l desann sot nan syèl la, oswa yon bagay konsa.”

Mwen te di, “Pa enkyete w. L ap la.”

190 Nou te kontinye apeprè yon lòt santèn de mè. Li te jis apeprè epwize tou. Sa te peze anviwon san senkant liv, twofe sa a. Kidonk, nou t ap desann ti mòn lan, epi li—li te mete l atè. Li te di, “Wouy! Mwen sou pwen abandone.”

<sup>191</sup> Mwen te di, “Wi.” Nou rive sou yon ti pye bwadòm toukout, toukout la, ki anwiwon wotè sa. Te gen kèk kòk sovaj ki t ap vole toutotou, e te gen poul bwa, kifè m te tire kèk wòch sou yo konsa.

Konsa li te di, “Èske w te janm manje youn nan poul bwa sa yo?”

M te di, “Non. M pa kwè sa.”

<sup>192</sup> Li te di, “Yo kòrèk. Yo osi bon ke kòk sovaj yo.” Li te di, “Frè Branham?” Li te Wete gwo vye chapo nwa l la, pou ap vante l avè l. Li te di, “Li lè pou vye lous sa parèt tèt li, pa vre, gason m?”

Epi M te di—M te di, “Bud, w ap doute de sa.”

<sup>193</sup> Li te di, “Non. m pap doute. Men, Frè Branham, mwen—mwen—mwen jis pa ka konprann.”

<sup>194</sup> M te di, “Mwenmenm tou m pa kapab. Se pa a mwen pou konprann. Se a mwen pou kwè.” Amèn. Bondye nan Syèl la konnen ke bagay sa yo se laverite. Èske m ta ka kanpe isit la pou ap di sa, si se pa t vre?

<sup>195</sup> Apre sa m te kòmanse ap tounen, pou ba l fizi a, epi mwen ranmase twofe a. E pandan m te vire, mwen te di, “Bud, ou gen longvi w la nan kou w. Kisa k kanpe la bò kot ti mòn lan?”

<sup>196</sup> E li te voye longvi a anlè. Li te di, “O, ede m,” te di, “si se pa t manman bèf yon moun!” Pa gen bagay konsa nan peyi a. Li te di, “Sa a se pi gwo grizzly ke m te janm wè nan vi m. Kidonk pote m sekou, gad solèy jòn sa k ap klere sou li. Li se yon tèt ajante.” Li te di, “A ki distans ou di l ye?”

<sup>197</sup> Mwen te di, “Li a anwiwon de mil anwo a.” E nou te apeprè epwize. Li te di . . . Mwen te di, “Kisa n ap tann? Ann ale.”

Epi li te di: “Ou sèten ou ka pran l?”

Mwen te di, “sètènman m ap pral pran l.”

Li te di, “Ki zam ke w ap itilize la a?”

<sup>198</sup> Mwen te di, “Kounye a, pa enkyete w de sa.” (Ak yon ti fizi yon frè te ban m nan yon reyinyon yon fwa, plizyè lane de sa.) Apre sa m te di . . . (Yon ti, .270, bon mache.) E m te di, “Dakò. mwen te gen . . . mwen . . . Sa pral fèt.”

<sup>199</sup> Nou te kontinye avanse yon ti kras pi pre. E plis nou te pwoche, se plis lous sa a te parèt gwo. O, li te sanble ak yon kokenn pil fwen ki te anlè a la sou plim sa yo, ou konnen. Gwo, bout tonton, Kolosal bagay la, kanpe, tèt li lajè sa, ou konnen, ak machwè l yo ki sot deyò, gwo kokenn pat li yo. Epi li t ap pouse ti branch bleyè sa yo, *konsa*, ou konnen, ap manje yo. E sa te kòmanse, gwo gwo eskonbrit kanmarad la! Nou te rive a anwiwon, o, apeprè uitsan mèt de li.

<sup>200</sup> Li te di, “Ey, Frè Branham, ou te—èske w te janm tire yon grizli anvan?”

201 Mwen te di, “Mwen te tire anpil lous, Bud, men m pa t janm tire yon grizzly tèt-ajante anvan.”

202 Li te di, “Ou konnen, tèt-ajante a se pi gwo batayè pami yo tout.”

Mwen te di, “Ya, mwen te konprann sa.”

Li te di, “Li pa konn zafè mouri a.”

Epi M te di, “Ebyen?”

203 Li te di, “Pa fè . . . A ki—a ki—a ki distans ou ye . . . ? Ki pi pwòch ou dwe ye de li ak sa?”

204 Kounye a, jis mande l. Ekri l yon lèt. M ap ba w adrès la. Li te di, “Kite nenpòt moun ki ekri m sou sa, ki vle konnen, sou nenpòt nan bagay sa yo. Pèmèt mwen temwaye yo.” Epi konsa . . .

E m te di, “Ebyen?” M te di . . .

Li te di, “Kounye a?”

205 Mwen te di, “Non, non. Mwen te pi pwòch ke sa a, Bud. Mwen te drèt la, toupre l.”

206 Li te di, “N ap pwoche vrèman toupre la. Li ka chaje nenpòt ki lè a.”

207 Mwen te di, “M konn sa. Men,” mwen te di, “Bud,” m te di, “sa ap byen pase.”

208 Li te di, “Kounye a, lè w tire yon lous,” li te di, “la, Frè Branham, w ap tire l nan do. Ou dwe vide l atè, paske l ap kontinye lite, li pap ka leve kanpe lè sa.”

M te di, “Non, dapre vizyon an, m te tire l nan kè.”

Li te di, “Mwen espere ou pa t fè okenn erè sou sa a.”

209 M te di—M te di, “Mwen pa t fè sa.” M te di, “Mwen sonje sa.” Paske, nan yon—nan yon vizyon, ke w ladann—ou nan yon konsyans, epi toulède, jan nou te eksplike l lòt swa. Ou nan de mond. Ou pa ka bliye l. Ou wè? Kidonk se sa l ye la.

210 Konsa, nou t ap pwoche ankò, anviwon—anviwon desansenkant vèj. Sa se te jis dènye ti kouran dlo nou te janbe. Apresa, M te di, “Se jis sa k rete kounye a. Gade li. Èske l pa yon bèl bèt?”

Li te di, “Ya, mwen kwè l bèl.”

211 E—e M te di, “Oke, Bud. Kounye a, lè m leve kanpe la, l ap vini.” E m te di, “Oumenm jis obsève.”

E li te reponn: “M ap obsève.”

212 Kidonk Mwen te met bal la nan kanon fizi a, ou konnen. E nou te desann anba ti kouran dlo sa a. Jis menm kote m t ap leve a, men li k ap vini. O la la, la la! Mwen te kanpe, tire, e sa te jis bay son tankou se yon fizi ak è ki te frape l. Gason m, anyen pa t janm kontwole l mwe, ke sa. E, o la la, anvan . . .

213 W ap pale de vitès! M pa t janm wè anyen konsa. Limenm, yo taka depase yon chwal, yon sèf, oswa nenpòt ki bagay, ou konnen, yon lous, tankou sa, kapab. Li t ap desann mòn sa toudwat, drèt nan direksyon nou, konsa.

214 Apresa mwen, anvan m te ka mete yon lòt bal nan zam lan, li te tonbe kadav, a anviwon, o, anviwon trant, karant mè de mwen, m jis te vire l tounen nan tout sans; m te retire kè a, poumon, ak tout bagay, soti nan li. Se te yon grenn bal Nosler, oumem ki konn chaje alamen konn sa. Konsa li—li te eksploze l, e li te tonbe atè.

215 Bud, te kanpe la, t ap gade, bouch li te vin blan nèt toutotou. Li te di, “Frè Branham, mwen pa t vle l ateri sou janm mwen.”

M te di, “Ni mwen tou.”

216 Li te di, “Anfen.” M te di, “Mwen va di w, apre sa fini, gason m. Si se pa t youn nan vizyon sa yo, e ke m pa t konn wè sa rive anvan, Mwen patap janm monte la, toupren lous sa konsa, avèk ou.”

217 Epi youn nan nou pa t ka bouje l. Li te peze anviwon mil liv, mwen kwè, kidonk, yon mastodont, kolòs zanmi. Nou patka netwaye l, nou te gen . . . te retire po l. Nou te kòmanse desann. Epi nou te di . . . “Frè Branham?” Nou te pran kòn yo. Li te di, “Si kòn yo se egzaktman karannde pous,” te di, “Mwen jis pral fè yon kriz nè.”

218 M te di, “Pito w fè l kounye a, la, paske se sa l ye.”

219 Li te di, “Mwen pa t janm wè you—you—you . . . Sa sanble tankou m ap reve sa.”

220 E lè n te rive anba la, apres a m te di—te di Eddie, mwen te di, “Kounye a obsève. Blaine pral met men l yo.”

221 Kounye a, ou sonje, te gen youn ti men toutotou kòn sa. Sonje, Frè Fred, ki jan m te di w sa t ap ye?

Apresa m te di, “Oumenm obsève sa,” Eddie.

E konsa, Bud te di, “Tann.” Li t al pran chwal li a laba.

222 E nou te gen lous la avèk nou, ou konnen, e chwal yo te jis dechire tout bagay. Ou konn kijan yo fè lè yo pran sant yon grizzly oswa nenpòt jan de lous la. Kidonk M—M t al la, pou kenbe, ap eseye kenbe chwal la, chwal sele a t ap eseye pati.

223 Apresa li t al pran santimèt pou mezire a, epi li te pwoche la, li t ap gade m, *konsa*. M te di, “Vini non, Blaine.” Mwen te touche Eddie. Pou l te mezire sa. Amèn. E konsa pou l te ede m, karant-de pous, rive sou nen an!

224 Ebyen, kòn sa yo retresi apeprè de pous lè yo seche. Lous grizli sa ekspoze nan sal famiyal mwen epi kòn yo pandye sou mi an. Anpayè a te ranje yo, li te byen ranje yo. Gen youn kasèt ki youn santimèt ki pandye sou yo, karannde pous, egzaktman.



225 Kounye a, poukisa Bondye ta di yon nonm yon bagay konsa, konsènan yon vwayaj lachas?

226 Lè m te retounen, manmanm te malad. Mwen t al wè li. Li te di, “Billy?” Ou wè, li t ap ankouraje m, li t ap prepare m pou yon bagay.

Mwen te di, “Maman, Seyè a te toujou geri w.”

Li te di, “Billy, m ap rantre Lakay pou m al wè papa.”

“O,” M te di, “manmi, pa pale konsa.”

Li te reponn, “Wi, m ap fè l.” Mwen te priye pou li.

E Frè Fred ak tout temwen sa yo ki chita isit la okouran.

227 Apresa, pwochen bagay ou konnen, yo te mennen l lopital. Doktè a pa t menm konnen sa k pa mache avè l. Ebyen, mwen t al priye pou li. Li te di, “Pitit mwen, m prale.” E kounye a, manman m se te yon jan de fanm vanyan, de tout fason.

228 Yon jou, kèk jou apre sa, m te rantre. Li te kanpe la, li t ap gade nan direksyon Syèl la. Li te di, “Billy, mwen wè w.”

M te di, “Bon, se sèten, manman.” Li te di, “Mwen wè w la a menm.”

229 Li te di, “O, ou tèlman vyeyi, Bill,” li te di, “cheve ak bab blanch ou jis ap pandye ansanm. Ou te pran bra w antoure kwa a, ap lonje men ban mwen.” Mwen te fè m yon bon lide lè sa, ke se te sa.

Kounye a, nou menm frè ki isit la konnen ke se laverite.

230 Nan landmen se te dimanch. Mwen t ap preche. Yo te voye komiyon ban mwen, “Ou . . .”

M te di, “M pa kwè ke manman prale. Bondye toujou montre m, moun pa m yo lè yo prale. Men, manman, li pa janm montre m anyen sou sa.” Men yon nouvèl ki antre. E m te jis nan mitan Mesaj mwen an, konsa. Yon moun te antre, pou di, “Ale, al kot manman w kounye a. Rele l nan telefòn. L ap mouri, nan minit sa a.”

231 Mwen te di, “Lanmò, kenbe l toujou. Pawòl Bondye a pi epòtan ke sa.”

232 Mesye sa a ki chita isit la, Frè Borders. Apre sèvis la te fini, mwen t al wè manman m. Mwen te rankontre Frè Borders. Li te di, “Frè Branham, ou pa fè sis pye, men mwen te wè yon nonm dis pye kanpe deyè chè a maten an.”

M te di, “Frè Borders, Bondye ap okipe L de tou sa pou manman m.”

233 Epi kèk jou apre sa, yo te rele m nan chanm nan, epi li reyèlman ta prale. M te rasanble timoun yo anndan an, kanpe toutotou kabann lan. Mwen te di, “Manman, èske w prale vrèman?”

Li te reponn, “Wi.” Apresa li pa t kab pale ankò.

234 Mwen te kontinye ap di l, “Kisa Jezi vle di pou ou, manman?” Mwen sonje m te batize l nan Non Li, lontan de sa, deyò a nan dlo. Mwen te di, “Di m kisa Li vle di pou ou kounye a.”

Li te di, “Plis pase lavi pou mwen.”

235 Mwen te di, “Manman, si w prale, mwen se pitit gason w lan, yon . . . yon predikatè. Mwen vle konnen, de pwòp manman m ki pral rankontre Bondye. Mwen vle kenbe men w la, manman.”

Li te di, “Mwen vle w fè l.” Mwen te toujou kenbe yo.

236 Li pa t kab pale. Ta sanble sa t ap paralize, figi li. Mwen te di, “Ou pa ka pale ankò, manman?” Li pa t kab fè . . . Mwen te di, “Tande. Èske Jezi se toujou menm bagay la pou ou?” Li te kab souke tèt li.

237 Fwa sa li te rive nan yon pewn kote li pa t kapab souke tèt li ditou. Mwen te di, “Manman, èske Jezi se tout bagay pou ou kounye a? L ap vin chache w, nan yon minit. Li se tout bagay, pou ou?” Li pa t kab bouje.

238 Mwen te di, “Manman, ou sèlman te gen yon sèl bagay, ou . . . Mwen wè ke w ap bat je w. Si Jezi toujou vle di menm bagay la pou ou tankou L te toujou ye a, jou mwen te batize w nan dlo a, bat je w byen vit.” Li te bat je l, epi dlo te koule sot nan je l, *konsa*.

239 Apre sa yon ti Van te pase, te travèse chanm nan. Manman te rantrè Lakay.

240 M t al lakay, m t al nan ponp finèb la, m te chwazi rad yo. Oh, ou konn kouman sa ye. Ou te oblije fè menm bagay la. Tout timoun yo t ap kriye, youn te plat atè yon kote, epi youn, yon lòt. M te di, “Manman se te poto-mitan an. Nou p ap janm menm jan an ankò.” Doc ak fanmi l te nan kwen *sa a*. Jesse ak fanmi pa l nan kwen *sila*. Nou te fèk sot antere Howard, dènyèman. M te di, “Bon, nou fini, gason mwen.” M te di, “Nou pral . . . Nou pap vin wè nou youn lòt. Manman se te kay nou.” M te di, “Nou pa pral wè youn lòt, pa anpil ankò kounye a.”

241 Mwen t al lakay mwen, nan lannwit, apre nou te fin chwazi rad li. M te monte lakay m.

242 Madan D’Amico, èske gen moun ki konnen l, li sot Chicago? Se te yon trè bon zanmi kanpay la. Li te ban m yon Bib. (Eskize m.) Se te youn nan Bib ak lèt wouj sa yo ki gen zip yo. E yon moun, lè m te preche mesaj sa, *Ayo Ak Kolonb Lan*, te voye de kolonb ban mwen, pou sèvi sipò. Yon lòt frè pa m, Frè Norman, te voye yon ti kolonb pou mwen, ak yon Ayo, Frè Borders pa m lan te ban m ayo a. Mwen te pran Bib la. Meda te la a nan yon kwen, li t ap kriye.

243 E nou tout Òm Dafè ki isit la okouran, lè m te Jamayik, m te wè bèlmè m, m te di nou bò tab la laba nan Jamayik. M te di, “Gen yon moun nan moun mwen yo k ap mouri, ki pa gen okenn dan. Mwen konn wè yo prale.” La menm bò tab la, Demos Shakarian

ak yo tout ki te la. Kèk èdtan apresa, bèlmè m te jis prèske tonbe rèdmò, yon sèl kou, ou wè, san dan, jis egzakteman.

244 M te di, “Mwen te wè yon jèn gason ap krache san.” M te rele, pou di, “Pa kite Billy. . .”

245 Èske gen yon moun isit la ki te nan—nan reyinyon Jamayik la nan moman sa a nan—nan Jamayik, Kingston? M pa ka wè. Ya. Gen de. Konsa, lè sa. . .

246 Apresa m te di, “Se dwe. . . Billy, piga w al anwo. Mwen te wè yon jèn gason ap krache san.” Epi se te bòfrèm m nan. Li te ale, li te gen yon emoraji lè manman l te mouri. Sa te jis pwovoke nan li yon tèl chòk.

247 Answit m te kanpe isit la jou sa, m te pran Bib sa a. M te di, “Papa, m pa konnen. Petèt se jis lanmou W, Ou pa t montre m li ta prale. Men m sitèlman dekouraje, Bondye. Èske w ta vle jis ban m yon mo konsolasyon nan Pawòl Ou a?” M te di, “Kite m jis li yon bagay ki rekonfòte, pou rekonfòte m.” M te jis kite Bib la louvri *konsa*. Menni, gwo lèt wouj yo, “Li pa mouri, men l ap dòmi.” Apresa m t al nan chanm lan. Nou t al domi.

248 Vè anvwon uitè, nan demen maten, M te leve. Yo ta pral prepare l, pou midi konsa, kifè nou te desann al wè l. Meda te soti al chache dejene pou timoun yo, epi ti Joe t ap kriye. Becky te nan yon kwen, toujou ap kriye, “Èske m ap janm wè grann ankò?”

249 M te di, “Wi. Wi. Ou va wè l. Li jis lòtbò a, li te monte eskalye yo.” M te di, “Limenn, nou va wè l ankò.” Epi li te renmen timoun piti sa yo, ou konnen.

250 Ebyen, se te konsa, e yo tout t ap kriye, “Èske n ap ka wè grann apremidi a?”

251 M te di, “Ou ka wè kò li te abite ladann lan, men grann te monte al jwenn lòt grann lan, yo te monte al nan Syèl la.”

252 Epi Joe pa t kab konprann sa, ti pitit gason m nan, ou konnen. Li jis pa t kab konprann sa. Li te di, “Alòs eske grann ap tounen desann aswè a?”

253 Bon m te di, “Non, non. M pa konn ki lè l ap tounen. Lè Jezi vini, li ap tounen.”

254 E m te kanpe la. Apresa m te vire won, m te rantre nan chanm lan. E lè m te fè sa. . . Pa mande m pou esplike l. Pa gen okenn fason pou eksplike l. Mwen te wè m kanpe deyò a la, menm jan m ap gade atravè asanble sa a. E mwen t ap dirije kantik. M pa t janm fè sa. M pa menm ka chante, ditou. Kidonk, te gen yon kokenn, lavalas foul moun.

255 Sou bò *sa a*, nan—nan oditoryòm lan sanble ki te sou deyò, tankou, o, m pa konn kijan w ta rele sa, yon jan de anba yon ti mòn, e yon jan tankou yon anfiteyat. E yo te tèlman lwen deyè, liy yo, nan pwen yo te oblije leve *konsa*, pou ke sila yo ki te tèlman lwen nan fon an ta dwe gade nan direksyon *sa a*. Men toudwat

nan mitan an . . . Jis twa ranje, tankou *sa a*. E toudwat nan mitan an se te jis tankou ranje pay fwen, ak ti moun enfim, andikape ki te aliye nan ranje yo.

<sup>256</sup> Apresa m te gen yon kostim fonsè sou mwen, e m t ap chante, “Mennen yo antre, mennen yo antre, mennen ti moun yo bay Jezi.” Nou konn chante sa nan legliz la, ase souvan, espesyalman nan dedikas timoun yo. E te gen yon, tankou yon—yon seksyon isit la, kote selebrite te chita, e chè a te toupre sa. Men m te anba, ap dirije kantik. E toudenkou, m te kanpe la, ap gade tèt mwen, lè sa . . . O, pa eseye rezonè sa, paske ou pa kapab. Apresa lè M te *isit la*, alò sa te vin tounen *la*. M pa konnen. De nan yo te pati ansanm. Epi se . . .

    Sa se yon bon bagay lè de ki pa w yo pati ansanm.

<sup>257</sup> Mwen te gen yon kamera anwo la. M t ap desann, m pa t konn kijan pou pran foto. M te gade nan bagay la, epi, monchè, mwen te kab wè senk oswa sis bagay diferan. Kifè m te kòmanse fikse l. Billy te di m, li te di, “Fikse l, epi yo tout ap fè yon sèl.”

<sup>258</sup> Se te yon bon lide pou fè sa, ou konnen. Ou wè bagay yo diferan lè w konn fokalize. Epi sèvi ak Pawòl Bondye a pou fokalize sou Limenm, epi w ap—w ap wè de kisa m ap pale. Men fokalize L, dabò, ou wè.

<sup>259</sup> Kidonk m te kanpe la, ap gade, e m te antre nan vizyon sa a. Epi pandan m te ladann, m te remake yon moun ki gen renome te retounen dèyè a nan plas la. E yo te . . . M te di, “Bon, y ap vin nan seksyon moun selèb yo.” Se konsa, yo t ap avanse nan direksyon *sa a*. E m te panse, “Bon, m ap chante yon fwa ankò pandan dam sa ap vini.” Li te abiye alansyèn mòd.

<sup>260</sup> Kounye a, kèk nan nou medam ap sonje sa a, lè yo te konn met jan de jip, tankou, ki te antoure *isit la*, epi li te desann byen ba sou soulye lase yo. Apresa yo te yon jan plen ak . . . Kijan w rele yo bagay sa yo, tankou—tankou dam sa gen sou li la kounye a? Kòsaj sa. Kòsaj, youn nan bagay sa yo tankou sa, e li te gen reyèl manch konplè ladann. Ou sonje yo? E sa te monte jis nan kou a la, ak yon jan de ti bouton ak yon bagay ki te antre la. E pitou, yon gwo chapo nan tèt li, tounen anwo sou kote. Epi medam yo, nan jou sa yo, yo te gen cheve long. Kidonk yo te rale l desann *konsa*, yo te konn mete yon chapo sou li, pou foure yon zepeng ladan l, ou konnen, pou kenbe l anplas, paske yo te oblije galope chwal ak bagay sa yo.

<sup>261</sup> Kidonk dam sa a t ap avanse, e tout moun te respekte dam sa a. E m te panse, “Oke, li pral nan seksyon moun selèb yo.”

<sup>262</sup> Se konsa, lè sa, mwen te di, “Yon lòt fwa ankò, tout moun sou bò *sa a*, ‘Fè yo antre.’ Kounye a, sou bò *isi a*, ‘Fè yo antre.’ Apresa tout moun nan mitan yo, tout ansanm kounye a, ‘Pote ti moun yo bay Jezi.’”

263 Jis pandan m te di sa, dam sa te gentan antre nan seksyon rezève a. Mwen te kab wè, lè l te antre nan seksyon rezève a, tout moun te kanpe. E yo te yon jan ap fè *konsa*, yo te salye l, epi li te salye yo.

264 M te panse, “Bon, se lè pou m preche. M pral priye pou moun malad yo.” M te monte sou—sou chè a, *konsa*, epi seksyon rezève a te adwat, o, osi pwòch ke frè sa a ki chita *la a*. Aprea, m te vire anwon, *konsa*.

265 M te panse, “Bon, kounye a, dam sa pral bese tèt devan m, *konsa* m ap jis salye l.” E *konsa* lè m te vire anwon, li te deja gen tèt li bese, fason sa a. Mwen t ap bese tèt mwen, *konsa*. Men lè m te leve tèt mwen, anmenm tan an, je m te kwaze l, se te manman, jèn, bèl.

Mwen te gade l. Mwen te di, “Manman?”

Li te di, “Billy.”

266 E jis nan moman sa, zèklè kòmanse klere toutotou bilding nan, loraj t ap gwonde, e yon tranbleman te rive. E yon Vwa te di, “Ou pa bezwen pè pou manman w.” Li te di, “Manzè menm jan li te ye an 1906 la.”

E m te di, “Se Kisa, 1906?”

E Meda te di: “Kisa w genyen?” Limenm Madanm mwen.

M te di, “Cheri, 1906, kisa k te genyen an 1906?”

Li te di, “Poukisa?”

M te di, “Nan yon vizyon, mwen te wè manman kanpe isit la menm.”

Li te di, “Ou te wè kisa?”

M te di, “Mwen wè manman.”

Li te di, “Ou si e sèten, Bill?”

267 Mwen te di, “Wi. Li te kanpe la, e l te bèl. Epi Li te di. . .” M te di, “Li te jis yon jèn fi.”

268 *Konsa*, mwen t al chache ansyen dosye fanmi an. Ou konn kisa l te ye an 1906? Li te vin epouz papa m. Se ane l te marye. Kounye a li fè pati yon lòt Epouz, Epouz Seyè Jezi a.

269 Yon moun ki te sot kèk kote te voye yon pyès dis santim ban mwen. M te genyen l la nan pòch mwen, yon pyès 1906.

270 “Epi Limenm, Sentespri a, lè L vini, L ap fè nou konnen bagay sa yo ke M te di nou an, e L va montre nou bagay k ap vini yo.”

271 Kounye a, kisa sa ye? Vwayaj lachas la te sèlman ap bati m, ou wè. Youn nan pi bon vwayaj mwen te janm fè, konsyan ke, sa a te yon gwo chòk. Se te lanmou. E, frè m, sè m, si tout lòt vizyon sa yo te pafètman jis, konsènan sa ke Lespri Sen an te montre, sa te dwe fòseman Sentespri an. Bib la di, ke, “Si sa akonpli, alò se te Li menm.”

272 Kidonk, ala yon espwa ke nou genyen! Yon jou nou va kite plas sa a. Nou va tounen vin yon jenn gason ak yon jenn fi, pou pa janm mouri ankò. Mwen ta pito konn sa pito ke pou m ta konnen m ta pral yon prezidan nan monn lan epi viv yon milyon lane. Mwen ta pito konnen m te nan men Bondye.

273 E mwen byen kontan konnen, aswè a, ke se menm Jezi sa ki te fè deklarasyon sa, Li isit la, apre de mil an. Ou wè, Sa paka peri. Sa Etènèl. E Li jis se menm Jezi aswè a ke L te ye jou L te fè deklarasyon sa a. E L ap toujou konfime Pawòl sa, si nou va kwè L. Ou kwè sa?

274 “Lè limenm, Sentespri a, vini, Li pap pale de Limenm. Men li va pran bagay, pa M yo,” sa se Pawòl la, “pou montre nou yo. E apresa, ankò, Li va montre nou bagay ki gen pou rive yo.”

275 Nan liv—Ebre, chapit 4 la, Bib la di, “Pawòl Bondye a pi file . . .”

276 Kounye a, Kiyès ki te Pawòl la? Jezi. “Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. Pawòl la te fè L chè. abite . . .”

277 “Pawòl Bondye a pi file pase nenpòt epe de bò, li menm pèsè pou separe, mwèl ak zo, e Li Disène panse yo ki nan kè.”

278 Sa se Bondye nou an. Nou pa pèdi, zanmi. Nou toujou nan gras Bondye a. M—M gen enpresyon, m ap pale de tout bagay, epi m ap pale de yon tan ki pase . . . Epi jan m te di yè swa, pandan disip sa yo t ap eseye viv de reyinyon yo te genyen jou anvan an, pou ap tann yon lòt, men yo te bliye ke Kreyatè van an ak vag yo te kouche nan kannòt la.

279 Bondye ki te la anwo mòn sa yo, pou te mete grizli tèt-ajante sa, dapre Pawòl Li, lonje atè a la, kòm prèv.

280 Kounye a, si w vle ekri nonm sa, jis ekri Bud Southwick, S-o-u-t-h-w-i-c-k, Bud Southwick, Fort Saint John, Colombie Britanique, epi jis tann li voye repons ba ou. Epi anpasan, si w ap fè yon vwayaj lachas, se moun kòrèk la pou akonpaye w.

281 Kounye a remake. Yo t ap rakonte sa pami tout chasè sa yo anwo kou anba sou tout wout sa, jiskaskè m te panse mwen ta pral gen yon veritab reyinyon, jis avèk gid, pwochèn fwa m ap monte anwo la, ya, pou wè bagay sa yo rive jis fason yo te rive a. Sa se te lane pase.

282 Sa a limenm se ane sa a, kounye a menm. Menm Jezi sa ki te fè pwomès sa, te di: “Mwen pap janm kite w ni abandone w. Mwen va avèk ou tout tan, jouk nan fen monn lan.” Ou kwè sa?

283 Avèk sitèlman prèv, avèk sitèlman verite ki te konfime, verite ki pozitif, kouman nou taka santi nou lòt fason ke tankou nou ta jis renmen pase atravè plafon kay sa, pati nan anlèvman? Eske nou te kite bagay monn lan makonnen nou, nan yon tèl fason, ke, nou te wè sitèlman bagay vital pozitif, ki te pwouve yo se laverite?

284 Kounye a, chak moun ki malad isit la, si sèlman ou vle kwè ke Sila menm ki te fè pwomès sa, e Sila menm ki te fè epilepsi sa soti sou ti gason sa, nonm sa, Li se menm Bondye ki la kounye a menm. Si m te kab retire sa soti sou ou, mwen tap fè l, men mwen paka fè l. Li te deja achte sa pou ou, e sèl bagay ou dwe fè se kwè l.

285 E si ti gason an ta tonbe an kriz, epi ti dam nan ta di: “Kounye a, kisa chemiz sa ka fè?” Pwobableman sa patap mache sou okenn lòt moun. Ou wè? Jis sou li, paske yo te voye l pou li. Naaman te plonje sèt fwa nan rivyè a; men yon lòt moun, ta plonje, pwobableman li patap geri de lèp li a. Ou wè? Men remake. Se sa Li di a ki laverite, yon verite ki konfime, ki pafè.

286 Kounye a, li kòmanse ta, pou menm fè yon liy priyè. Ann—Ann jis rete sa pou yon minit.

287 Annou jis reflechi. Eske se sa Bondye te pwomèt? Ke sa ta Sentespri otantik la ki ta fè sa. Se vre? Bon, kimoun ki ka di ke Li pat Sentespri a? Li te sa. “Mwen menm ak Papa m se Youn.” Sentespri a se te Papa L. “Li va fè yon pitit. Bagay Sen sa ke l ap pote nan vant li an vin de Sentespri a.” Kidonk, Sentespri a ak Bondye se menm Lespri a, e Sa te nan Li.

288 Epi gad sa L te fè lè yon fanm te manyen rad Li, lè Li te gade asanble a e L te disène panse yo. Èske Pawòl la pa di, ke, “Pawòl Bondye a pi file pase yon epe de bò, youn ki Disène panse ki nan kè”? Èske L pa pwomèt, nan Sen Jan 12, oswa nan Sen Jan 14:12, ke, “Moun ki kwè nan Mwen, zèv Mwen fè yo, l ap fè yo tou”? Oswa, èske sa janm echwe, osinon ke se verite?

289 Alòs, Bondye isit la. Li la pou geri chak moun isit la. Li la pou sove chak nanm ki pèdi. E anvan m fè yon apèl a lotèl, jan m santi m kondwi pou m fè, ou wè, pou m fè apèl a lotèl sa, ann jis fè apèl a Li. Konbyen nan nou ki pral abandone tèt yo, oswa ki pral di, “Si m kab . . .” Petèt etranje yo ki isit la, ka di, “M pat janm wè youn nan reyinyon sa yo. M—M te tandè moun ap pale de bagay sa yo, men mwen—mwen vrèman pat janm wè sa. Sa t ap ankouraje kè m si m ta ka wè Prezans Kris la antre nan mitan moun yo epi fè menm bagay Li te fè a.” Èske sa tap ankouraje w?

290 Ann bese tèt nou; yon mo. Tout je fèmèn. Kounye a kite Lespri, k ap swiv Pawòl la.

291 Kounye a, Papa, mwen gen, sa m konnen ki mye a, Ou konn kè m . . . Konsyan ke moun sa yo ap soufri anba chalè sa a, e ke yo te anpile anndan an, kanpe, men yo te gen anpil pasyans. Mwen ka imajine ke se te menm kalite foul moun sa ki te kanpe sou bò rivyè a jou sa pou te tandè W ap pale apati de kannòt la. E lè sa, Ou te di yo, “Lanse kote ki fon an epi lage filè a pou rekòt la.” Yo pa t wè si te genyen. Yo te la.

292 Epi tou pawòl remakak sa yo ke apot sa te di, “Seyè, nou te travay tout lannwit e nou pat pran anyen; men kanmenm, sou

Pawòl Ou nou pral lage filè a.” E lè yo te obeyi Pawòl Ou, yo te pran yon pakèt pwason, jout menm filè a te kòmanse dechire.

<sup>293</sup> Seyè Jezi, pa gen dout ke anpil fanm te kite lesiv yo jou maten sa, anpil gason te kite jaden yo, rekòt yo, pechè pwason yo te kite filè yo, pou vin tandè Pawòl Bondye a. Seyè Jezi, si W te isit la sou fòm fizik aswè a, gen gwo dout ke pa plis ke sa k rasanble la, t ap rasanble. Men moun sa yo kwè ke W pa mouri, ke W te soti vivan pami mò yo, e Ou manifeste epi kenbe Pawòl Ou, Pawòl ke m te li pou yo ki sot nan Ekriti Sen an aswè a.

<sup>294</sup> Epi jan yo te lonje yon Bib, osinon woulo a—a bay Seyè a yon fwa a, epi Li te li, apre sa Li te chita. Epi li te di, “Jounen Jodi sa a, ekriti sa a te akonpli.”

<sup>295</sup> Pèmèt ke sa rive ankò, Seyè. Pèmèt ankò, ke jounen jodi sa a, aswè a menm, ke Ekriti M te li a ka akonpli. Epi yo te anseye nou tout, diran semèn nan, ke sa te dwe bagay la menm ki te gen pou pwouve tan lafen an. Lè sa kè nou va pati, ak kontantman.

<sup>296</sup> Ka gen anpil isit la, Seyè, ke w ap pale avè yo. Ede nou aswè a pou konn Pawòl Ou, Pawòl konfime W kòm etan Laverit. Akòde l, Papa.

<sup>297</sup> E pandan nou gen tèt nou bese, jis pou yon jan de sondaj, pou m ka kalme m apre predikasyon an. Konbyen nan nou isit la, ki pa vrèman yon kreyen ne de nouvo? Bon, ou ka al legliz, men se pa sa m ap mande. Ou se . . . Si w pa yon kreyen ki ne de nouvo, men ou kwè ke gen yon Jezi vivan, yon vrè Sentespri, e ou ta renmen nou fè L sonje w kounye a, Èske w ta jis, pandan tout tèt yo bese kounye a, epi je yo fèmen, jis leve men w ba Li, “Seyè, sonje m”? Bondye beni w. Bondye beni w, oumenm, oumenm, oumenm. Bondye beni w. Bondye beni w. Se trè byen. Èske gen lòt?

<sup>298</sup> Kounye a, nou pa anpil an kantite. Men, èske w konnen, se lemond k ap chache gwo bagay ak gwo kantite? Jan nou te di yè swa, se te sèlman ti vwa, trankil la ki te atire pwofèt la pou l avanse ak figi l vwale.

<sup>299</sup> Kounye a, ou gen lafwa nan Bondye. Frè m, sè m, gen lafwa nan Bondye. Ebyen si Jezi, gwo Seyè emab nou an vle vin kote Pawòl sa a tabli la, Pwòp Pawòl Li a, ki louvri, pou pwouve nou ke Sentespri sa a, m ap pale de Li a, se Laverite! Ou ka te nan konfizyon anpil fwa ak anpil bagay, men sa sèlman montre ke Vrè a kèkpa. E kan L va fè sa, mwen vle oumenm ki te leve men w yo, vin, wè m, jis yon ti moman.

Kounye a nou mèt leve tèt nou.

<sup>300</sup> Seyè Jezi, pran sèvis sa a nan men W kounye a. Mwen se sèvitè W. Epi ke tout predikasyon an . . . Jis yon Pawòl ki vin de Ou pral vle di plis pase tout sa nou ta ka di tout vi nou; jis yon Pawòl. Akòde l kounye, Papa, alòs ke M ap soumèt sa, temwayaj sa yo.



Ou konnen ke yo vre, Papa. Se Ou menm Ki te bay yo. E yo pat janm fayi. Akòde l, Nan non Jezi. Amèn.

<sup>301</sup> Kounye a, konbyen moun isit la, ki pa gen kat lapriyè, ki malad? Leve men w, toupatou nan bilding lan, moun ki pa gen kat lapriyè, e ki malad. Dakò. Epi moun ki gen kat lapriyè yo, leve men nou. Se apeprè menm bagay la. E yo tout melanje.

<sup>302</sup> Kounye a, M voye je m nan asanble a, dabò, pou m onèt devan Bondye e devan . . . nou. Mwen rekonèt, pandan m ap gade bò *la*, kèk zanmi m yo ki chita nan kwen *sa a* la. Frè Noel, li—li . . . ak Sè Jones, epi Frè Outlaw, pitit gason m nan, frè sa yo *isit la*, ak Frè Moore. M pa konn frè *sa a*, men mwen te wè l nan reyinyon yo, dènye fwa yo. Mwen pa ka rive jwenn non frè *sa a*, non plis, men mwen rekonèt li de vizaj. Sè ki jis *la a*, Sè Williams. Sè Sharrit ki chita nan kwen an. Jis nan fon an nèt gen kèk moun ki vin de tabènak la nan Jeffersonville.

<sup>303</sup> Gen yon presye vye zanmi m ki chita la, li gen katrevendis lane, ki sot Ohio, ap kondui travèse peyi a. Apresa, m ap kite pou al ann Afrik, epi limenm ak bèl madanm li a te mande si yo ta ka ale ann Afrik avè m. Li te di, “N ap peye . . .” Katrevendizan, yon frè Alman, ki pa t janm konn Seyè a. Lè m t ap preche yon jou swa, li te vini ak bèl rad rad sou li, pou l te batize. Katrevendizan! Andeyò de . . .

<sup>304</sup> Mwen kwè, o, sa a se Frè Waldrop ak Sè Waldrop ki chita *la*. Kounye a, sa se annotan ke m . . . ak Frè Borders. Kounye a, se apeprè tou.

<sup>305</sup> Bon, M ap site non yo. Kounye a, si gen nan noumenm ki konnen m byen, pa priye. Ou wè? Priye pou mwen. Ou wè?

<sup>306</sup> Men mwen vle noumenm ki pa konnen m, e ki konsyan ke m pa konnen nou, Mwen vle pou di nan kè w, “Seyè Jezi, mwen te tande pale de sa. M—M te tande minis sa aswè a li sa nan Bib la. Mwen te tande temwayaj sa yo, e mwen te tande menm jan an, ou konnen, ke sa te rive plizyè fwa. Èske nou toupre lafen an, Seyè? Èske nou pre konsa?”

<sup>307</sup> Sonje byen, lè siy sa yo te fèt pou Sodòm, vil ki te boule a, Jezi te pale de sa, Li te di: “Menm jan l te ye . . .” Se te dènye siy yo te resevwa anvan vil la te detwi. Epi Jezi te di sa pral repete nan vini Fis de lòm nan.

<sup>308</sup> Kounye a nou konnen ke se vre, ki jan ke . . . Bondye, Bondye nan lachè! Konbyen moun ki kwè ke se Bondye ki te pale ak Abraham? Ya. Ebyen, Bib la di, “Elohim,” kidonk, sa—se—se—se gran Kreyatè syèl la ak tè a, Sila a ki otosifizan. Se te Limenm.

<sup>309</sup> Kisa Li t ap montre? Li te nan kò yon imen, te kanpe la epi manje vyann yon ti bèf, epi bwè lèt ki sot nan bèf la, epi apresya, te kab disparèt devan je yo. “M ap vizite w dapre tan mwen te pwomèt ou a.” Ou wè? Li te rele l pa non li. Epi ak do L ki te vire, li te mande: “Kote Sara?”

Li te reponn, “Li nan tant lan dèyè do W.”

Li te di, “M ap vizite w selon peryòd lavi a.”

310 Sara di: “Hmm, hmm,” dèyè a nan tant lan.

311 Li te di, “Poukisa Sara ri?” Sonje byen, Bib la te di manzè te nan tant lan dèyè do L. Li te di, “Poukisa Sara ri?”

Sara te reponn: “Mwen pa t ri.”

Li te di, “Wi, ou te fè l.” Ou wè? Se vre.

312 Yon Nonm ki te kanpe la, Bondye ki te reprezante Tèt Li nan lachè. Jezi te di se t ap menm bagay la lè Fis de lòm nan ap vini: Bondye nan Legliz Li, oumenm, mwenmenm, ki reprezante L Limenm. Bon, te gen yon ti dam . . .

313 Lè Bondye te nan Kris la, Li te gen plenitid Lespri a. Li te Bondye. Mwen jis se youn nan sèvitè L yo, e ou se jis youn nan sèvitè L yo. Nou gen Lespri—Lespri a pa—pa ti gout. Limenm Li te genyen L san mezi. “Nan li te abite plenitid Divinite kòporèl la.” Nan mwen se jis yon ti don, e nan ou se yon don, de Limenm. Men, kèlkeswa jan l piti, se menm Lespri a.

314 Kounye a, si sa se Lespri Bondye, Li va fè zèv Bondye yo. Kounye a, w ap priye e w ap di, “Seyè Jezi, yon fwa yon ti dam te touche rad Li.” E nou di . . .

315 La nan Nouvo Testaman an, li te ekri nan Ebre, li te ekri, “Li se yon Souvren Sakrifikatè kounye a menm, ke santiman feblès nou yo ka touche.” Konbyen moun ki konnen ke sa se Bib la? Di, “Amèn.” [Asanble a di, “Amèn.”—Editè a.] Sèten. Bon, sa oblije vre.

316 Bon, si Li se menm nan ayè, jodi a, ak pou tout tan, kijan Li ka reponn ou? Menm jan L te fè ayè a, si L se menm nan jodi a.

317 Kounye a, priye epi di, “Seyè Jezi, kite m touche rad Ou. Apresa, bay Frè Branham yon ti don, pou ankouraje nou. Li pa konnen m. (M chita lwen dèyè a la; e bò *isit la*; epi anba *la*; e nenpòt kote m chita . . .) Li pa konnen m, men Ou konnen m. Epi kite m wè gran Lespri W la, Seyè. Se pa ke m dwe fè l, men jis pou ede ankouraje m ak rès moun yo, paske nou te li Pawòl la. Kite m touche rad Ou, answit Ou va reponn la menm. Pèmet yo itilize m aswè a, Seyè, pou objektif sa. Sa va montre tout Asanble a ke W toujou vivan.” Sa ta mèvèye si L ta fè sa?

318 Kounye a, jis priye, ou menm, tou dousman. Di, “Seyè, kite m touche rad Ou.” E m pral abandone m bay Lespri, epi apres a ke Sentespri a fè rès la. Paske, kounye a, mwen te pale, temwaye, men M paka fè plis kounye a. Mwen rive nan bout chemen mwen.

319 Mwen jis ap obsève asanble a, pou wè si m . . . M oblije wè sa, ou konnen. Ou konprann sa.

320 Dèyè a sou bò gòch mwen, jouk nan fon an, apeprè amwatye nan fon bilding nan, gen yon dam k ap priye. Li sou pwen mouri,

si Bondye pa ede l. Li gen kansè, e kansè a nan tete l. O, pèmèt ke l pa manke l!

Ede m, O Seyè.

Sè, si w vle kwè! O, la la! Li pral manke l.

Seyè Jezi, ede nou, nou priye.

321 Mari May. Men ni. Èske nou se etranje youn pou lòt? M pa konnen w. Ou pa konnen m. Èske pwoblèm yo se te sa, ak kisa . . . èske tout sa ki te di yo se te vre? Kifè, kwè. Sa va fini. Amèn.

322 Kounye a, de fènwa ki te sou li a, sa vin limyè. Osi sèten sa te ye pou jenn gason sa, epilepsi a te elwaye l de li. Menm Bondye a, Sila a ki te anwo nan forè nan nò yo, se menm Bondye a ki isit la. Jis kontinye kwè. Amèn. “Si w te ka kwè!”

323 Men L la sou yon fanm ki chita la devan m nan. Li gen yon bagay ki pa mache nan do l. Se yon disk ki deplase, nan do l. Li, li pa sot isit la. Li soti Montana. Non li se Miss Stubbs. Leve kanpe, resevwa gerizon w nan Non Jezikri.

Ou pa bezwen prese. Pran san w.

324 Yon nonm kosto ki chita la, ap gade m, ap fè *konsa*. Kwè. Ou va geri. Ou gen pwoblèm nè. Si w kwè sa, Bondye ap geri w.

325 Dam ki gen pwoblèm fi a. Kwè sa, e w ap ka jwenn gerizon w. Retounen lakay ou, epi gen lafwa nan Bondye. Poukisa m te di tounen lakay ou? Ou ta dwe tounen Nouvo Meksik, pou rive la, mesye ak madam Watkins. Kounye a, ou konsyan ke m pa konnen w. Amèn.

326 Dam ki jis dèyè w la, ak ilsè sa ki nan janm ou an, Madmwazèl Brown. Èske w ap kwè ke Bondye ap geri w? Ou sanble tèlman w enterese. Kounye a, ou konnen ke m pa t janm wè w nan vi mwen. Nan janm gòch la. Kounye a, ou kwè ak tout kè w, w ap geri.

327 Yon dam ap eseye bouje, e li gen atrit. Sa deranje l, seryezman. Madam Fairhead, kwè ak tout kè w, e w ap geri. Kounye a, ou konnen ke m pa janm wè w nan vi m. Sa, o . . . [Sè a di, “. . . m te geri anvan. Mwen te geri anvan, e m konnen Li pral geri m.”—Editè a.] Amèn. Ya.

328 Ou kwè ak tout kè w kounye a? Kounye a, kisa L pral fè? “Li pral pran bagay M te di nou yo, pou L montre nou yo. Apresa Li pral montre nou bagay ki gen pou vini yo.” Ou wè sa M vle di a? Èske w kwè Li?

Kounye a ann bese tèt nou ankò.

329 Kounye a, ou menm ki konnen ke si w ta gen pou kite vi sa a aswè a, ke w ta . . . pa ta . . . ou t ap pèdi, ou pa ne de nouvo. “Amwens ke yon nonm ne de nouvo, li paka menm wè Wayòm nan.” Poukisa w pa vin *la a* menm? Kanpe la epi kite nou priye pou ou, la a menm, jis nan yon minit. Èske w vle vini kounye a nan Prezans Lespri sa a?

330 Ou pap janm wè okenn bagay pi espektakilè rive jiskaske w wè Vini Seyè a. Kounye a, jis sonje. Vrèman Mwen konn sa m ap di a, osinon Li patap bay ministè a. Pa kite sa ale kounye a. Èske w sense?

331 Ou ta vle vini? Si se non, lè sa, se ant ou menm ak Bondye, ke sa ye. Mwen inosan. Mwen pa responsab pou okenn san, paske m te di nou Laverite. Mwen te preche nou Pawòl la. Mwen te di nou kisa L te ye. E Limenm, lè L te vini, Li te pwouve sa L te ye lè sa; epi Li kite m pwouve sa L ye kounye a. Li se menm nan jan Li te ye otrefwa a. Ou kwè sa?

332 Kifè, konbyen malad ki isit la apre sa, eske gen lòt la ki malad? Leve men w.

333 Kounye a mete men nou youn sou lòt, epi pèmèt nou priye priyè lafwa pou ou.

334 Kounye a mwen vle mande w yon bagay, tou dousman. Si Bondye, si Bondye ka vini epi fè mirak sa! Yon mirak se yon bagay ki paka eksplike. Ebyen, si w swete kesyone nenpòt moun sa yo toutotou la, al kesyone yo, nenpòt lè nenpòt kote. Ou wè? Jis sonje, se Bondye. Sa a la se jis vizyon amatè. Kiyès—kiyès, kisa k ap fè sa? Se ou, oumenm. Se oumenm k ap fè sa.

335 Ou wè, lè fanm sa te manyen rad Li a, li di: “Vèti te soti kite M.” Men, lè Papa a te montre L konsènan Laza, Li te ale, epi retounen, te resisite Laza soti nan lanmò, Li pat janm di “vèti.” Sa se te Bondye ki t ap sèvi ak Pwòp don pa L, e lòt la se te yon fanm ki t ap itilize don Bondye a.

336 Mwen pa don Bondye a. Jezikri se don Bondye a. Se jis yon don ke L te ban mwen, mwen te fèt fason sa, ak sibkonsyan an epi konsyan an (premye konsyans lan) toutansanm. Ou pa bezwen nan dòmi; ou jis wè l. Sentespri a vin nan sibkonsyan an menm jan L fè nan premye konsyans lan. Si L ta vin nan sibkonsyan w, ou tap gen yon rèv espiritiyèl. Lè L vin nan pa m nan, mwen pa nan rèv. Mwen jis gade la epi wè li. Ou wè? Epi, nou fèt konsa, ou pa ka fè tèt ou yon bagay diferan. Ou fèt konsa. Ou wè? “Don ak apèl yo bay san repantans.” Pou fè kisa? Pou manifeste Jezikri. Li se menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan.

337 Avèk men nou poze youn sou lòt, mwen kwè ke w pral met kè w anba siveyans Bondye kounye a, “Seyè, sonde mwen. Èske m te vin tèlman angoudi ak bagay monn lan, ke m paka wè moman ekstròdinè k ap pase la?”

338 Ou konnen, se konsa sa te toujou ye. Sa te pase drèt atravè legliz, epi yo pat janm rekonèt li. Sa se listwa. Pa kite l ale, zanmi, pou w wè yon pawòl konfime, ankò e ankò, wè Pawòl Bondye a te manifeste, epi Pèsonn Jezikri a menm e Pèsòn te antre la menm nan mitan pèp sa a pou aji egzakteman fason L te fè anvan an.

339 Papa nou ki nan Syèl la, mwen santi kounye a, Seyè, ke Pawòl Ou a te li. Temwayaj la te bay. Sentespri a te desann e L te

konfime Pawòl sa ak temwayaj la. Kounye a sa nan men moun yo, Seyè. Sa etann sou janm yo. Pa gen okenn lòt bagay mwen konnen pou m di. E mwen pa konn okenn lòt bagay Ou te ekri nan Pawòl la, ke W tap fè, paske Ou te deja geri yo. Se jis pou fè yo kwè l. Epi pandan W ap fè yon bagay konsa, kouman nou ta ka gen dout ankò? Ki jan nou ta ka pèmèt Satan angoudi konsyans nou pi plis pase sa?

<sup>340</sup> Satan, mwen pwononse gerizon sa a sou moun sa yo, e mwen di w, “Mwen kòmande w, nan Non Seyè Jezikri, soti isit la. Soti, nan Non Jezikri, epi libere pèp sa a.”

<sup>341</sup> Kounye a, si w kwè nan Li, kanpe sou pye w. Ou kwè? leve kanpe sou pye nou alòs, epi bay Bondye glwa. Leve kanpe e kwè l. Pa doute de sa ankò.

<sup>342</sup> Nan Non Jezikri, ke Sentespri a pote lajwa, pwisans, rezirèksyon, Lavi pou pèp sa a, Seyè.

<sup>343</sup> Ba L glwa kounye a, epi beni Non sen Li an. Nou renmen Li. Nou ba L glwa. Nou adore L, Sila ki san parèy la, Sila ki Etènèl la, Pitit Bondye vivan an. Nan Non Li, resevwa L. Li isit la. Amèn.



*LESPRI VERITE* CRE63-0118  
(Spirit Of Truth)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle vendredi swa, 18 janvyè, 1963, nan Church Of All Nations nan Phoenix, Arizona, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyòl sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)